**O’ZBEKSTAN RESPUBLİKASI JOQARI HA’M ORTA ARNAWLI BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ**

**BERDAQ ATINDAG’I QARAQALPAQ MA’MLEKETLİK UNİVERSİTETİ**

**TARİYX HA’M HUQIQ FAKULTETİ**

**«MİLLİY İDEYA, MA’NAWİYAT TİYKARLARI HA’M HUQIQ TA’LİMİ» KAFEDRASI**

**5141500-MİLLİY İDEYA, MA’NAWİYAT TİYKARLARI HA’M HUQIQ TA’LİMİ QA’NİYGELİGİNİN’ 4-KURS PİTKERİWSHİ STUDENTİ**

**Dawenov Qoblannin’**

**«Ja’miyettin’ du’zilisi, salaları h’a’m rawajlanıwının’ o’zgeshelikleri» temasi boyinsha**

# PİTKERİW QA’NİGELİK JUMISI

**İlimiy basshısı:** **Filosofiya ilimlerinin’ kandidatı, dotsent J.Sag’ındıkov**

**Kafedra baslıg’ı:** **Filosofiya ilimlerinin’ kandidatı, dotsent A.Bayrıeva**

**NO’KİS-2012**

**MAZMUNI**

**Kirisiw**________________________________________________

**I BAP. Ja'miyet filosofiyası: ta'biyat h'a'm ja'miyet, ja'miyettin' filosofiyalıq analizi.**

§1. Ta'biyattın' ja'miyet rawajlanıwındag'ı roli, ta'biyiylik h'a'm sotsiallıqtın' o'z-ara ta'siri.___________________________________

§2. Ja'miyetlik biliwdin' o'zine ta'nligi h'a'm biliwde sotsial filosofiyanın' ornı.____________________________________________________

§3. Ja'miyet h'a'm onın' rawajlanıwı h'aqqındag'ı pikirler._____________________________________________________

**II BAP. Ja'miyet ma'nisi, du'zilisi, tiykarg'ı salaları h'a'm rawajlanıwı.**

§1. Ja'miyet tu'sinigi h'a'm onın' strukturası._________________________

§2. Ja'miyettin' tiykarg'ı salaları h'a'm olardın' o'zgeshelikleri.__________________________________________________

§3. Ja'miyettin' sotsial turmısı. O'zbekstan ja'miyetinin' sotsial strukturasındag'ı o'zgerisler._______________________________________

**Juwmaqlaw.**_________________________________________________

Paydalanılg'an a'debiyatlar dizimi.___________________________________

# KİRİSİW

Ja’miyet h’a’m onın’ payda bolıwı, ja’miyet h’a’m ta’biyat, ja’miyet h’a’m insan baylanısı ma’seleleri ba’rh’a’ma adamlardı qızıqtırıp kelgen h’a’m olardın’ ma’nisin tu’sindiriwde h’a’r qıylı da’wirlerde oyshıllar tu’rlishe pikirler ju’rgizip kelgen. Ja’miyettin’ rawajlanıwı, onın’ tiykarg’ı salalardın’ rawajlanıw o’zgesheliklerin anıq h’a’m konkret biliw arqalı g’ana h’a’zirgi da’wir rawajlanıwı basqıshında bizin’ ja’miyetimizdin’ rawajlanıw onın’ o’zine ta’nligi h’a’m onı elede jedellestiriw jolların anıqlay alıwımız mu’mkin.

Ja’miyet ne degen soraw intuitiv ta’repten h’a’mme ushın tu’sinerli bolsa da, biraq ja’ne ja’miyet ne o’zi degen soraw payda boladı?

Etimologik ko’z-qarastan bul tu’sinik tu’rli h’a’diyselerdin’ birligin sa’wlelendiredi.

1. Materiallıq du’nyanın’ bir bo’legi bolıp, a’lemnin’ birligin h’a’m qa’liplesiwinin’ tariyxın rawajlanıp atırg’an barlıq usılları jıyındısı.

2. Adamlardın’ tariyxı ta’repinen o’z-ara ta’sir usılı h’a’m birligi formasının’ h’a’r birewi.

3. Jasaw waqıtı h’a’m jasaw jeri bir bolg’an adamlardın’ (aymaq, ma’mleket h’.b.).

4. Adamlardın’ belgili maqset jolında birlesiwi.

5. O’z waqıtın birgelikte o’tkeretug’ın adamlar toparı h’a’m basqalar.

“Ja’miyet” tu’siniginin’ mazmunın tu’rli filosofiyalıq mektep h’a’m bag’darlar sonday-aq, o’z aldına oyshıllar da tu’rli jollar menen tu’sindiriwge h’a’reket etken. Sol tiykardan, ja’miyet tuwrısındag’ı joqarıda ko’rsetilgen aldıng’ı eki tu’sinikti o’z ishine alg’an “sotsium” tu’sinigi payda boladı.

Frantsuz filosofı h’a’m sotsiologı *Emil Dyurkgeym* (1858-1917)nin’ pikirinshe, “ja’miyet – bul indivilerdin’ a’piwayı jıyındısınan ibarat bolmay, arnawlı qa’siyetlerge iye bolg’an, olardın’ birlespesinen payda bolg’an dizim bolıp, reallıqtı o’zine tiyisli qa’siyetlerge iye bolg’an “sui generis” o’z

ko'rinisin tabadı. Nemis filosofı *Maks Veber* (1864-1920) pikirinshe, ja'miyet insanlardın' o'z-ara ta'sirinen, yag'nıy ja'miyetlik h'a'reketlerden payda bolg'an dizim bolıp, basqa adamlardın' h'a'reketlerine qarsı juwap retinde bag'darlang'an. M.Veber ja'miyet rawajlanıwının' tiykarın ja'miyetlik iskerlikte, dep esaplaydı. Amerika sotsiologı h'a'm sotsiallıq filosofiya boyınsha qa'niyge – filosof *Tolkott Parsons* (1902-1979) pikirinshe, ja'miyet qa'diriyatlar h'a'm o'lshemler menen baylanısqan adamlardın' mu'na'sibetine tiykarlang'an dizim. İnsan solarg'a tiykarlanıp, o'z ja'miyetlik iskerligin a'melge asıradı. T.Parsonstı belgili ma'ninde M.Veberdin' ideologiyalıq miyrasxorı dew mu'mkin.

Ha'zirgi da'wirdin' belgili filosofları *R.Aron, D.Bell, P.Blau, A.Giddens, R.Darendolf, G.Zimmel, F.Znanetskiy, T.Kun, K.Levi-Stross, K.Manngeym, R.Merton, X.Ortega-i-Gasset, K.Popper, P.A.Sorokin, E.Fromm, K.Yaspers* h'a'm basqalar ja'miyet tuwrısındag'ı o'zine ta'n pikirlerdi bildirgenler. Ko'pshilik oyshıllar ja'miyettin' ma'nisi bir yaki bir neshshe tiykarg'ı printsip arqalı tu'sindiriledi. Ma'selen, O.Shpannda bul printsip – bir pu'tinlik, O.Tofferda – plyuralizm, U.Rostouda – basqıshpa-basqıshlıq, K.Popperda – ashıqlıq, R.Mertonda – universallıq. Biraq ma'selege u'lken itibar menen qarawshı filosoflar h'a'tteki o'zlerinin' printsiplerin de absolyutlestirmeydi. Ma'selen, K.Popper ashıqlıq printsipi h'aqqında mınaday dep jazadı: «Ashıq ja'miyetler… ele quramalılıqta jıraqta…, al a'wladlarımız bir neshe ju'z jıllardan son' a'dep-ikarmlılıq jaqtan bizden biraz o'tip ketse kerek. Bulardın' barlıg'ı ju'z beriwi mu'mkin dep esaplasam - da, sog'an qaramay, ja'ne qaytaraman: Ha'zirgi da'wirde biz jasap turg'an ashıq ja'miyetler – qashanlardur bar bolg'an ja'miyetlerdin' en' jaqsısı, en' erkin h'a'm en' a'dalatlısı, o'z-o'zin kritikalawshı h'a'm reformalardı en' tez qabıl qılıwshılar esaplanadı».

«Ja'miyet» tu'sinigin bir ma'niste ta'riylegende bir qansha teoriyalıq, metodologiyalıq, etimologiyalıq quramalılıqlarg'a dus kelinedi. Birinshiden,

bul tu'sinik ko'lemi h'a'm mazmunı jag'ınan ju'da' ken'. Ekinshiden, bul tu'sinik belgisiz, yag'nıy filosofiyalıq kategoriya esaplanadı. U'shinshiden, bul tu'sinik dinamikalıq, yag'nıy rawajlanıwshan' esaplanadı. To'rtinshiden, ja'miyet tek filosofiya pa'ninin' predmeti bolmastan, barlıq ja'miyetlik pa'nler jıyındısının' predmeti esaplanadı. Besinshiden, «ja'miyet» ataması tu'rli ma'nislerde paydalanılıwı mu'mkin.

Belgilili rossiyalı izertlewshi E.V.Tadevosyan o'zinin' ja'miyetke berilgen ta'riypinde onın' turqalılıq, bir pu'tinlik, o'zin-o'zi basqarıw, o'zine toqlıq, o'zin-o'zi rawajlandırıw, adamlardan belgili bir baylanıslılıg'ı h'a'm o'z-ara ta'sirde bolıwı, belgili bir ja'miyetlik normalar h'a'm qa'diriyatlardın' bar ekenligi sıyaqlı qa'siyetlerdi ajıratıp ko'rsetedi.

«Ja'miyet» tu'sinigi joqarıda ko'rsetip o'tilgen ma'nislerden tısqarı ja'ne: a) biologiyalıq sistemalardın' en' rawajlang'an basqıshı; b) konkret anıq sotsium; v) ja'miyetlik baylanıslar h'a'm o'z-ara ta'sirler forması h'a'm basqalar. Ja'miyet h'aqqında ga'p ketkende ol ken', filosofiyalıq ko'z-qarastan tu'siniledi. En' ken' ma'niste, ja'miyet – bul adamlar birlesiwinin' barlıq formaları h'a'm olardın' o'z-ara ta'sirlerinin' barlıq usıllarının' jıyındısı esaplanadı.

Bizin' bul qa'niygelik pitkeriw jumısımızdın' maqseti, ja'miyettin' ma'nis, mazmunın onın' barlıq salalarının' rawajlanıwı h'aqqında ken' ma'ninde ilimiy-teoriyalıq analizlew emes, al ja'miyet h'a'm ta'biyat olardın' o'z-ara ta'siri, ja'miyet strukturası onın' ayırım tiykarg'ı salaları rawajlanıwı h'aqqında o'z pikirlerimizdi bayan etiwge h'a'reket qıldıq.

# I BAP. JA'MİYET FİLOSOFİYASI: TA'BİYAT HA'M JA'MİYET, JA'MİYETTİN' FİLOSOFİYALIQ ANALİZİ.

## §1. Ta'biyattın' ja'miyet rawajlanıwındag'ı roli, ta'biyiylik h'a'm sotsiallıqtın' o'z-ara ta'siri.

"Ta'biyat" tu'sinigin da'stu'riy ta'rizde ken' h'a'm tar ma'ninde talıqlaw mu'mkin. Birinshi jag'dayda bul tu'sinik bizdi qorshap turg'an barlıqtı, pu'tkil du'nyanı onın' barlıq waqıya h'a'm h'a'diyseleri menen: "sheksiz o'zgermes materik bo'leklerden tartıp, kosmik sisteması h'a'm h'aywanat du'nyası h'a'm de sotsiallıq turmıstı" o'zine qamtıp aladı. A'lbette, bunday tu'sinikte ja'miyet h'a'm ta'biyattı barlıqtı bir-birine qarama-qarsı qoyıw logikalıq jaqtan durıs emes. Eger ta'biyat pu'tkil barlıqtı, waqıyalıqtı o'zine qamtıp alsa, onda insan h'a'm ja'miyet h'a'm ta'biyattın' bir bo'legi esaplanadı.

Eger biz "ta'biyat tu'sinigin" tar ma'ninde, yag'nıy pu'tkil du'nya ma'nisinde emes, ba'lkim insan h'a'm ja'miyetti qorshap turg'an ta'biyiy geografiyalıq h'a'diyse sıpatında talıqlasaq onda bul tu'sinik pu'tkilley basqa ma'nisti bildiredi. Onda bul jag'dayda ta'biyat degende insan jasawı ushın jaratılg'an *ja'miyetten tısqarı bar pu'tkil materiallıq du'nya tu'siniledi* [1]. Bul ta'biyiy sharayatlar o'zine to'mendegi komponentlerdi o'z ishine aladı: 1) ıqlım; 2) jerdin' du'zilisi; 3) jerdin' o'nimdarlıq da'rejesi; 4) o'simlik h'a'm h'aywanlar; 5) paydalı qazılma baylıqlar h'a'm basqada zatlardın' barlıg'ı; 6) suw resursları h'a'm basqalar.

Sotsiallıq rawajlanıwda ja'miyetti qorshap turg'an ta'biyiy barlıqtın' a'h'miyeti h'a'm mazmunı a'h'miyetliligi filosoflar ta'repinen da'liyllep berilgen. Ja'miyet turmısında ta'biyattın' roli h'aqqında Lao-szi, Konfutsiy, Demokrit, Gippokrat, Platon, Aristotel, Farabiy, İbn Sino, İbn Xoldun, Jan Boden h'a'm basqa filosoflar ko'p aytqan h'a'm jazg'anlar. Lao-szi jazg'an

[1] Социальная философия.М.1955.53-б.

edi: "İnsan ushın u'lgi - jerdur. Jer ushın u'lgi – aspandur. Aspan ushın u'lgi – joldur (Dao)". Jol ushın (Dao) u'lgi o'z-o'zinen ju'z beriwshi ta'biyiylik". Jan Boden aytıp o'tkenindey, tiykarınan, ja'miyet insan qa'lewinen tısqarısınan ta'biyiy ra'wishte ta'biyat nızamlarına boysıng'an h'alda qa'liplesedi h'a'm rawajlanadı.

Geografiyalıq determinizm. Geografiyalıq determinizmnın' na'zeriy tiykarı h'a'm payda bolıwı fransuz filosofı Sharl Monteskyu (1689-1755) atı menen baylanıslı. Ol bılay dep jazg'an edi: "Iqlım h'u'kimranlıg'ı barlıq h'u'kimranlıqlardan u'stindur", "ıssı ıqlım xalıqları qa'riyalarday a'zzi, suwıq ıqlım xalıqları bolsa jaslarday h'a'reketshen'" h'a'm tag'ı basqada.

Biraq waqıt o'tiwi menen ja'miyetlik faktlerdin' ta'siri ku'sheyiwin h'a'm biykar etpegen: "Jabıyılardı derlik barlıq waqıt ta'biyat h'a'm ıqlım basqaradı", biraq "adamlar miynet h'a'm paydalı nızamlar ja'rdeminde jerde jasaw ushın ja'ne de qolaylı etip alg'anlar"[1].

Geografiyalıq determinizm K.Ritter, F.Rattsel, G.Bokl, E.Reyklyu, L.Mechnikova h'a'm basqada nemis izertlewshileri izleniwleri ja'ne de rawajlandırıldı. Ma'selen, T.G.Bokl (1821-1862)dın' aytıwınsha, eger biz qaysı bir fizik detallar insaniyatqa en' ku'shli ta'sir ko'rsetiwin anıqlamaqshı bolsaq, olardı biz to'mendegi to'rt toparg'a ajıratıwımız qıyın emes, yag'nıy: ıqlım, awqat, jer h'a'm ta'biyattın' ulıwmalıq ko'rinisleri[2]. L.Mechnikov o'zinin' "Tsivilizatsiya h'a'm u'lken tariyxiy da'ryalar" atlı belgili kitapta insaniyat tariyxın u'sh tu'rdegi tsivilizatsiyanın' almasıwı na'tiyjesi dep sıpatlag'an: 1) da'ryalar tsivilizatsiyası (Nil, Gang, İnd, Yantszı, Xuanxe, Tigr, Evfrat sıyaqlı da'rya h'a'wizlerinin' qa'liplesiwi menen baylanıslı); 2) ten'iz (aldı menen Orta jer ten'izi) tsivilizatsiyası; 3) okeanlar (global) tsivilizatsiyası.

[1] Уша ерда. 412, 395-396-б.
[2] Г.Т.Бокль. История цивилизации в Англии. Спб.,1895. 18-б.

Fridrix Rattsel (1844-1904) “geopolitika” atlı teoriyanın’ tiykarın salıwshı. Onın’ mazmunı sodan ibarat, ma’mleketler “turmıslıq barlıqtı” ken’eyttiriw ushın gu’resiwshi tiri biologik organizmler sıpatında talıqlanadı. F.Rattseldın’ pikirin K.Xausxofer h’a’m E.Obst (Germaniya), R.Chellen (Shvettsiya), X.Makkinder (Ullıbritaniya), A.Mexen (AQSh) h’a’m basqa izertlewshiler qollap-quwatlag’an h’a’m rawajlandırg’an. Geopolitika teoriyası fashizm ideologiyası bolg’anlıg’ı ja’ne bir ma’rte tu’rli teoriyalardın’ jaratılıwında intellektual oyınlardın’ qa’wipli ekenligin sıpatlaydı. Bu’gingi ku’nde ko’pshilikti sho’lkemlespegen teoriyashılar determinizm geopolitkanı ashıq h’a’m tuwrıdan-tuwrı u’git-na’siyatlamaqta. Biraq bul zamango’y sotsiallıq filosofiya ja’miyet rawajlanıwında ta’biyattın’ rolin pu’tkilley qollap-quwatlaydı, degeni emes. Og’an tek ılayıq da’rejede orın beriledi.

**«Birinshi ta’biyat» h’a’m «Ekinshi ta’biyat».** İnsandı qorshap turg’an barlıqtı sha’rtli ra’wishte eki bo’lekke ajıratıw mu’mkin. Olardan biri (“Birinshi ta’biyat”) – qorshap turg’an ta’biyiy barlıq. Ol o’zine biosfera (o’simlik h’a’m h’aywanlar), gidrosfera, atmosferanın’ to’mengi qatlamı, litosferanın’ joqarı qatlamı, yag’nıy “geografiyalıq ortalıq”qa salıstırg’anda ta’biyattın’ u’lken bir bo’legin o’z ishine aladı. *Geografiyalıq ortalıq* degende tar ma’ninde o’zine ta’biyattın’ ja’miyet turmısına, en’ da’slep islep shıg’arıw jag’dayı a’melge asırılg’an bo’legin o’zinde ja’mlegen ortalıq tu’siniledi.

Qorshap turg’an ortalıqtı ken’rek ma’niste tu’sindiriw ushın h’a’r tu’rli tu’sinikler bildirilgen h’a’m bildirilmekte: “biosfera”, “giobiosfera”, “vitasfera” (latın tilinde “vita”-o’mir), “ekosfera”, “landshaft sfera” h’a’m tag’ı basqalar. Biz insan qa’lewi h’a’m sanasına baylanıslı bolmag’an obektiv ra’wishte bar bolg’an h’a’m og’an salıstırmalı birlemshi dep esaplag’an “birinshi ta’biyat” tu’sinigin qollaymız. Sog’an tiykarınan “ekinshi ta’biyat”tı jaratıwshı – insan o’z qolı menen jaratqan jasalma ortalıq payda boladı.

“Ekinshi ta’biyat” insan jaratqan barlıq na’rseni o’z ishine aladı: miynet quralları, materiallıq zatlar, qurılıslar, ko’rkem-o’ner shıg’armaları. So’zsiz, “ekinshi ta’biyat” “birinshi ta’biyat” penen u’ziliksiz baylanısqan: adamnın’ miynet protsessinde ta’biyiy baylıqlar h’a’m zatlar za’ru’r na’rselerge aylandırıladı, h’aywanlar u’y h’aywanına, o’simlikler bolsa ma’deniy baylıqqa aylandırıladı h’a’m t.b. İnsan o’zinin’ aktiv turmısı protsessinde “ekinshi ta’biyat”tı, yag’nıy jasalma ortalıktın’ ko’lemin ko’beytip baradı, bul bolsa barlıq waqıt “birinshi ta’biyat”qa, adamg’a h’a’m ja’miyetke paydalı bola bermeydi. Tsitseron o’z waqtında bılay degen edi: “Ta’biyattın’ jaratıwshısı ko’rkem-o’ner jaratıwsınan joqarılawdur”.

İnsan ta’biyattı sıyınıw orayı dep emes, ba’lkim sklad dep qarap, onın’ ishki qu’rılısın buzadı. Adamzatqa 370 mın’ h’a’r tu’rli o’simlik tu’ri belgili, odan 80 mın’ tu’rin paydalanıw mu’mkin, o’zlestiriligen bolsa 3 mın’ (1% ten kem), bulardan ju’da’ ko’p bo’legi onshalıq ken’ tarqalmag’an. O’simliklerden bar jog’ı 12 tu’ri (biyday, gu’rish, ma’kke h’a’m t.b.) lar barlıq o’nimnin’ 90% tin beredi. Tap sonday jag’daydı h’aywanat du’nyasında ko’riw mu’mkin. Bizge belgili 1mln. tu’rinen 100 tu’ri g’ana (yag’nıy 0,1%) u’y h’aywanına aylandırılg’an, olardan tek 10 tu’rdegi h’aywan bolsa (sıyır, qoy, tawıq h’a’m t.b.) o’nim beredi.

**“Ta’biyiylik h’a’m sotsiallıqtın’ o’z-ara ta’siri”.** Jer ju’zinde o’mir degen fenomen payda bolg’ang’a shekem rawajlanıw o’mir menen baylanıslı bolmag’an *abiotik* faktorlar ta’siri astında g’ana a’melge asqan: suwlar, gazler (kislorod, azot h’a’m t.b.), uglerodlar, minerallar h’a’m basqalarının’ aylanıwı. Tiri janzattın’ payda bolıwı menen *biotik* faktorları h’a’m iskerlik ko’rsete basladı. Na’tiyjede, ta’biyat anıq ra’wishte ekige bo’linedi tiri h’a’m tiri emes ta’biyatqa ajıraldı. Materiya rawajlanıwının’ belgili bir basqıshı sıpatında tiri janzat ta’biyiy sharayatlarda belgili bir nızamlıq o’zgeris na’tiyjesinde o’z-o’zinen payda bolg’an materiallıq formadur. Darvin pikirinshe tiri janzattın’ sonday xarakterli ta’repleri belgilengen: bay, o’z-

o’zinen ko’beyiw, o’zgeriwshen’lik, miyrasxorlıq, ta’biyiy tan’law h’a’m jasaw ushın gu’res[1].

Zamanago’y ilimiy biliw rawajlanıwı da’rejesi tiri janzattı barlıq qa’siyetlerge qarap eki a’h’miyetli toparg’a ajıratıwg’a imka’n beredi: a) tiri janzattın’ sırtqı du’nya zatların o’z ma’pine sa’ykeslegen jag’dayda o’zgerttirip o’zlestiriwi; b) tiri janzattın’ tu’rli qa’siyetleri h’a’m sıpatların o’zlestiriw h’a’m bekkemlew qa’bileti[2].

Adamzattın’ payda bolıwı ta’biyatqa ta’sir ko’rsetiwinin’ jan’a *antropogen* faktorının’ qa’liplesiwine alıp keldi. Adam h’a’m ja’miyet rawajlanıwının’ h’a’r tu’rli basqıshlarda olardın’ a’h’miyeti h’a’m roli birdey bola bermeydi. Sol tiykardan, “adamnın’ payda bolıwının’ da’slepki da’wirlerinde o’zin basqa tiri janzatlardan o’z aldına ajıratpas edi. Ol o’zin barlıq basqa organikalıq du’nya menen genetikalıq u’ziliksiz baylanıslı dep biler edi”[3].

Adamzat rawajlang’an sayın onın’ ma’deniyatı h’a’m quramalılasıp, islep shıg’arıw tezlesip, jasaw sharayatı jag’dayı “jasalma”bolıp baratır. Ol ta’biyatı jag’ınan, ta’biyiy ortalıqtan barg’an sayın uzaqlasıp baradı. Biraq bul bu’gingi rawajlanıw da’wirinde ta’biyat h’a’m ja’miyettin’ o’z-ara baylanısı h’a’m ta’siri o’z a’h’miyetliligin jog’alttı degen emes. Bu’gingi ku’nde bul baylanıslar basqasha tu’s alg’an: insan ta’biyiy faktorlarg’a pu’tkilley baylanıslı emes, kerisinshe, sheklengen, qorshalmag’an ta’biyat aqıl h’a’m sanasına salıstırmalı ku’sh-qu’direti artqan insang’a ko’p ta’repten bag’ınıshlı.

İlimiy texnika krizisi da’wirinde sotsioantropogen faktorlarının’, yadro energiyası, kosmos h’a’m kompyuterlastırıwdın’ ta’biyiy ortalıqqa ta’siri o’z masshtabına ta’biyattın’ o’zinin’ ta’biyiy faktorlarının’ ta’siri menen salıstırıw mu’kin: ja’miyet jaratqan “texnomassa” ko’lemin ta’biyat

---

[1] Қаранг: Ч.Дарвин. асар. М-Л: 1931 том. 666-б.
[2] Қаранг: У.М. Абидов, С.Л.Нигай, Р.Р.Бурнашев. Основы философии.
[3] В.И.Вернадский. Живое сушество. М; 1976. 77-б.

jaratatug'ın biomassa ko'lemi menen salıstırıw mu'mkin. Bulardan tısqarı, jasalma radiatsiya, "ozon tesikleri", ko'p g'ana ta'biyiy elementler sanının' pu'tkilley o'zgeriwi, ta'biyatta belgili bolmag'an jan'a zatlardı sintezlew h'a'm basqalardı na'zerde tutıw lazım. Sonday etip, ta'biyiy tariyx (ta'biyat tariyxı) barg'an sayın ja'miyet h'a'm insan rawajlanıwı tariyxı menen tıg'ız baylanıslı bolıp ketpekte.

"Noosfera" tu'sinigi grek tilinen alıng'an – noos "aqıl" degen ma'nisti an'latadı. Sonday etip, etimologik filosofı Eduard Lerua (1870-1954) h'a'm Per Teyyar de Sharden (1881-1955)Lar ta'repinen XX a'sirdin' 20-jıllarında mira't etilgen h'a'm islep shıg'ılg'an. 1927-jılı bir waqıttın' o'zinde Leruanın' "İdeologiyalıq talap h'a'm evolyutsiya faktı" h'a'm Shardennın' "İla'h'iy ortalıq" atlı kitapları basıp shıg'arıldı, a'yne usı shıg'armalarda noosfera filosofiyalıq ta'liymatına tiykar saldı. Onın' mazmunın Lerua bılay talıqladı: "Sana barg'an sayın erkin h'a'm taza bola baradı h'a'm joqarı da'rejede rawajlang'an sana jaratıladı – ruh'iyat (duxovnost) sonshelli joqarı da'rejege jetedi, onda go'belek quwırshaqtan ajıralıwına umtılg'anınday noosfera h'a'm biosferadan ajıralıwına umtıladı"[1].

Basqa so'z benen aytqanda, insaniyat evolyutsiyası belgili bir waqıtqa shekem biosfera shen'berinde a'melge asadı. Lerua biosfera h'a'm noosferalardı Qıtay diywalı menen bir-birinen ajıratpaydı: "Ko'pshilik jag'daylarda olar bir-birine aralasıp ketedi, ekinshisi birinshisinin' qayta jaralg'anıdur"[2]. Lekin a'ste-aqırın sonday jag'day payda boladı, insannın' toqtawsız o'zgeriwshi rawajlanıwıshı sanası shegaralı h'a'm sheklengen biosferag'a sıymay qaladı. Ol "insaniy, pikirlewshi, o'z ma'nisine ko're pikr"din' jan'a bir jag'dayın – noosfera payda etedi[3].

Teyyar de Sharden noosfera ta'liymatın ja'ne de rawajlandıradı. Onın' aytıwınsha, rawajlanıw biosfera shen'beri menen g'ana shegaralanbaydı.

---

[1] Исторически процесс: диалектика современное эпохи. Москва. 1987. 415-б.
[2] Уша ерда. 418-б.
[3] Исторически процесс. 418-бетдан кўчирма.

Sharden postulatlarınan birewi, du'nyada barlıq na'rse u'ziliksiz ra'wishte quramalılasadı h'a'm rawajlanadı. Ol du'nyanın' u'ziliksiz rawajlanıwının' to'rt basqıshın islep shıqtı: a) o'mirden aldın; b) o'mir; v) pikir; g) o'mirden ullılaw[1]. "Pikir" stadiyası insan payda bolıwı menen xarakterlenedi, u psixik h'a'm ruwxıy energiyanı qoyıwlastıradı, ja'mleydi h'a'm noosferanı jaratadı. Sharden kontseptsiyasının' qa'siyeti sodan ibarat, ol ilimiy pikirlewdi diniy isenim menen sintezlewge h'a'reket qılg'an. A'yne sonday qılıp kelip shıqqan jag'dayda to'rtinshi stadiya ("o'mirden ullılaw") kelip shıqqan, onda insan sanasınan ullılaw substantsiya, yag'nıy quday tu'sinilgen. Jaratıwshı dep "Omega nuqtası" – Gegeldin' absolyut h'aqıyqat h'aqqındag'ı ideyasına jaqın bolg'an tu'sinik ja'riya qılınadı. Sharden pikirinshe, barlıq zatlar solay rawajlanbaydı, ba'lkim teleologik kontseptsiya dew mu'mkin.

Noosfera ta'liymatı rus filosofı V.İ.Vernadskiy (1863-1945) izertewlewlerinde yag'nıy rawajlandırdı h'a'm quramalılastırdı. 1925-jılda (yag'nıy E.Lerua h'a'm P.Teyyar de Shardenlardın' izertlewleri basıp shıg'arılmastan aldın) "İnsannın' avtotroplıg'ı" atlı maqalanı ja'riya etedi.

Vernadskiy kontseptsiyanın' tiykarg'ı ideyası biosferada evolyutsion rawajlanıwdın' payda bolıwıdur. Teyyar de Shardennen parıqlı ra'wishte Vernadskiy evolyutsiyası h'aqqındag'ı ideyanın' mifologik h'a'm diniy analizine bolg'an h'a'r qanday h'a'reketlerdi qatan' ta'rizde biykar etedi. Ol bunda tiykarlı ra'wishte ta'biyiy pa'nler: fizika, ximiya, biologiya, geologiya h'a'm basqalarda bar bolg'an mag'lıwmatlarg'a tayanadı. Vernadskiy ushın noosfera – bul tek insan sanası, insan isenimine g'ana baylanıslı bolmastan, ta'biyiy protsessleridin' turmısta o'z-o'zinen h'a'm anıq ra'wishte ju'z beriwi menen baylanıslı[2], "bizin' planetamızdag'ı jan'a geologik h'a'diyseler"[3].

Noosfera kontseptsiyası rawajlanıwının' za'ru'r ilimiy-filosofiyalıq na'tiyjesi sıpatında ta'biyat h'a'm ja'miyettin' *ko-evolyutsiya* (sheriklikte,

---

[1] Қараң: П.Тейер де Шарден. Феномен человека. М., 1965. 43-б.
[2] В.И.Вернадский. Живое существо. М., 1978. 46-б.
[3] Химическое строение земли и ёё окружение. М., 1965. 328-б.

parallel, o’z-ara baylanıslılıqta rawajlanıw) teoriyasının’ qa’liplesiwin eslep o’tiw mu’mkin. Bul eki u’lken sistemanın’ bir-birine qarsı turıwı h’a’m gu’resi emes, ba’lkim olardın’ u’ziliksiz birligi adamzattın’ keyingi rawajlanıwın ta’miynlewi mu’mkin.

## §2. Ja'miyetlik biliwdin' o'zine ta'nligi h'a'm biliwde sotsial filosofiyanın' ornı.

Sotsiallıq biliw - ja'miyet h'aqqındag'ı pa'nlerdin' jıyındısı. Sotsium quramalı, obekt bolg'anı ushın tek bir g'ana pa'nnin' predmeti sıpatında ta'riyplep bolmaydı. Onın' h'a'r tu'rli ta'repleri ja'rdeminde u'yreniledi. Sonın' ushın h'a'm sotsiallıq biliw h'aqqında ga'p aytqanımızda, onın' ja'miyet tuwrısındag'ı pa'nlerdin' jıyındısı ekenligin esapqa alamız. Bul komlpekste sotsiallıq nızamlıqlar h'a'm institulardı, ja'miyetlik du'zilme h'a'm stratifikatsiyanı, yag'nıy tu'rli da'rejedegi sotsiallıq sistemanın' baylanısları h'a'm o'z-ara mu'na'sibetlerin u'yreniwshi *sotsiologiya* a'h'miyetli orın iyeleydi. En' zamango'y ta'riyp to'mendegishe sa'wlelenedi: "sotsiologiya - ja'miyettin' payda bolıwı, iskerlik penen xızmet etiwi h'a'm rawajlanıwdın' ulıwmalıq o'zine ta'n ja'miyetlik ta'repleri h'a'm de nızamlıqlar, olardın' rawajlanıwı, adamlardın' ulıwma ja'miyette a'melge asırıw jolları, formaları h'a'm usılları h'aqqındag'ı pa'n"[1].

Sotsiallıq biliw kompleksindegi a'h'miyetli pa'nlerden biri *psixologiya* bolıp, ol adamnın' ishki du'nyasın, ruwxıyatının' qa'liplesiwi h'a'm iskerlik ko'rsetiw nızamlıqların u'yrenedi. Sotsiologiya h'a'm psixologiya pa'nlerinin' duslasıwı nuqtasında jan'a ilimiy pa'n – *sotsiallıq psixologiya* payda boldı, onın' predmeti ja'miyetlik-psixologik h'a'diyseler, sotsiallıq keypiyat, sezgiler, a'detler, da'stu'rler, qattı-h'a'reket normaları h'a'm basqalarının' payda bolıwı, rawajlanıw h'a'm de transformatsiyanın' ulıwmalıq o'zine ta'n nızamlıqlardan ibarat.

Sotsiallıq biliwde *tariyx pa'ni* ja'ne bir a'h'miyetli orının iyelep, ol ulıwmalıq sotsiallıq nızamlıqlardı o'z aldına faktler na'tiyjesi arqalı u'yreniledi. Tariyx pa'ni "ja'miyetlik rawajlanıwdın' nızamlıqların anıqlap tariyxtag'ı izge qaytarıw waqıtların u'yreniw menen h'a'r bir tariyxıy

---
[1] Э.В.Тадевосян. Социология. М., 1999. 9-б.

waqıyanın', tariyxıy shaxstın' o'zine ta'nligi h'a'm ten'sizligin ko'rsetip beredi"[1]. Tariyx pa'ni sotsiallıq biliwdin' bo'legi bolıw menen birge, onın' o'zi kompleksli pa'n esaplanıp, onın' quramına arxeologiya, derektanıw, ko'rkem-o'ner tariyxı h'a'm basqalar kiredi. Bul komplekste *etnologiya* (etnografiya) o'z aldına orındı iyelep, bul pa'n tu'rli basqıshtag'ı etnik toparlardın' payda bolıwı, rawajlanıw h'a'm a'h'miyetin u'yrenedi. Etnologik biliw ko'p milletli, poleetnik sotsiumlarda ju'z beretug'ın protsesslerdi analiz qılıwda a'h'miyetli rol oynaydı.

Sotsiallıq biliw joqarıda ko'rsetilgen pa'nlerden tısqarı *siyasattanıw* (siyasiy institutlar h'a'm protsessler), *etika* (ja'miyettin' a'dep-ikramlılıq rawajlanıw barısındag'ı pa'n), *ekonomikalıq teoriya, kulturologiya (ma'deniyattanıw), pedagogika, h'uqıqtanıw, ko'rkem-o'nerlik, dintanıw* h'a'm basqa da pa'nlerdi o'z ishine aladı.

**Ja'miyetti biliwde sotsiallıq filosofiyanın' ornı.** Sotsiallıq biliw (ja'miyet h'aqqındag'ı pa'n jıyındısı)da sotsiallıq filosofiya yaki ja'miyet filosofiyası o'l aldına orın iyeleydi. Sotsiallıq filosofiya ja'miyetti bir pu'tin sistema sıpatında, yag'nıy onı quraytug'ın elementlerdin' a'piwayı mexanikalıq jıyındısına baylap bolmaytug'ın, integral du'zilme (na'tiyje) sıpatında na'siyatlaydı.

Ja'miyet tuwrısındag'ı pa'nlerdin' ishinde sotsiallıq filosofiya ja'miyetti ulıwma ta'rizde a'lemnin' o'z aldına bir bo'legi sıpatında u'yrenedi. Sonın' ushın da ja'miyet en' joqarı da'rejede ulıwmalastırılg'an tu'sinikler – filosofiyalıq kategoriyalar ja'rdeminde talqın etiledi. Sotsiallıq filosofiya ulıwma filosofiya nızamların, yag'nıy (ta'biyat, ja'miyet h'a'm pikirlew nızamlıqların) sotsiallıq h'a'diyseler h'a'm protsessler analizlewge usınıs etiwden ibarat. Sotsiallıq filosofiya ja'miyet tuwrısındag'ı en' ulıwma teoriyalıq bilimler diziminen ibarat. Ol, ja'miyet ne, ol qanday iskerlik

[1] Б.Г.Могильницкий. Введение в методологию истории. М., 1999. 28-б.

ko'rsetedi h'a'm rawajlanadı; bul rawajlanıwda insannın' roli qanday, degen ma'selelerdi ko'rip shıg'adı.

Sotsiallıq filosofiyanın' ja'miyet h'aqqındag'ı pa'nler jıyındısındag'ı roli h'a'm a'h'miyeti sodan ibarat, ol sotsiallıq biliwdi tolıg'ı menen rawajlandırıw ushın teoriyalıq h'a'm metodologik tiykar bolıp xızmet qıladı. Belgili, h'a'r qanday ilimiy nızam h'a'm kategoriyalardı u'yreniw ushın da'slep en' ulıwma nızam h'a'm kategoriyalardı biliw kerek boladı. Sotsiallıq filosofiya bolsa, sonday bilimlerdi beredi, sebebi onın' nızam h'a'm kategoriyaları kerekli da'rejedegi ulıwmalıq qa'siyetlerge iyedurlar. Ja'miyet tuwrısındag'ı anıq, arnawlı pa'nler (sotsiologiya, siyasattanıw, ma'deniyattanıw h'a'm t.b.) ja'miyetlik turmıstın' tu'rli ta'repleri h'a'm analiz etiw menen birge, sotsiallıq filosofiyanın' tu'sinikleri h'a'm predmeti mazmunın bayıtıwg'a ja'rdem beredi. Sol ta'rizde, eger sotsiallıq filosofiya ja'miyet tuwrısındag'ı basqa pa'nlerge teoriyalıq-metodologiyalıq tiykar bolsa, olar o'z na'wbetinde, sotsiallıq-filosofiyalıq ulıwmalasıwlar ushın emperik tiykar boladı.

**Sotsiallıq filosofiyanın' ja'miyet h'aqqındag'ı basqa pa'nler menen mu'na'sibeti.** Sotsiologiya, a'sirese, ulıwma teoriyalıq sotsiologiya teoriyalıq-metodologiyalıq tiykarlarg'a sotsiallıq filosofiyag'a ko'birek jaqındur. Olardın' jaqınlıg'ı sol da'rejede anıq, filosoflar da, sotsiologlar da bir-biri menen bunday jaqın o'z-ara bekkem baylanıslı pa'nlerdin' o'l aldına g'a'rezsiz ra'wishte payda bolıwı maqsetke muwapıqlılıg'ı gu'manlıq bildirediler. Biraq sonnı aytıp o'tiw lazım, sotsiologiya (teoriyalıq bolsa da) h'a'r waqıt sotsiallıq filosofiyag'a qarag'anda ulıwmalıq da'rejesi kealew bolg'an nızam h'a'm kategoriyalar menen is ko'redi. Sol na'rse anıq, sotsiallıq barlıq h'a'm ja'miyetlik sana mu'na'sibetleri, ja'miyetlik rawajlanıw derekleri, sotsiallıq biliwdin' qasiyeti, tsivilizatsiyanın' global mashqalaları filosofiyanın' tiykarg'ı fundamental mashqalaları sotsiologiyalıq analizden shette qaladı. Sonın' ushın da sotsiologiyanı

sotsiallıq filosofiyag'a qosıp jiberiw maqsetke muwapıq bolmag'anınday, sotsiallıq filosofiyanı da teoriyalıq sotsilogiyag'a ten'lestiriw mu'mkin emes.

Sotsiallıq filosofiya menen jaqınnan baylanıslı h'a'm o'z-ara ta'sir etip turıwshı pa'nlerdin' ja'ne birewi *tariyx*. Olardın' ju'da' ko'p ta'repleri bar. Birinshiden, sotsiallıq filosofiya da, tariyx ta sotsiumdı tek bir ta'repleme u'yreniw menen sheklenbesten, onı anıq jag'dayda jıyındısın u'yrenedi. Ekinshiden, ol da, bul da ja'miyetlik turmıstın' barlıq formaları h'a'm sharaların u'yrenedi. U'shinshiden, eki pa'n de o'z dıqqat itibarın, aldın tariyxıy protsesstin' subektiv, yag'nıy iskerlik ta'repine qaratadı. To'rtinshiden, tariyx h'a'm filosofiya bir-birine sin'ip ketedi. Sebebi filosofiyanın' a'h'miyetli elementi sıpatında filosofiyalıq ideya h'a'm ta'liymatlardın' tariyxı jatadı. Usı waqıtta, *filosofiya tariyxı* tariyx pa'ninin' a'h'miyetli quram bo'legi esaplanadı.

Sotsiallıq filosofiya menen tariyx ortasındag'ı birdeylikleri to'mendegilerden iabarat. Birinshisi, tipik, ulıwma, a'h'miyetli ta'replerin u'yrenedi. Filosoftı sotsium rawajlanıwdın' en' ulıwmalıq nızamları, bul rawajlanıwdın' derekleri h'a'm h'a'reketlendiriwshi ku'shleri, tariyxıy protsesstin' mazmunı h'a'm tiykarg'ı basqıshları qızıqtıradı. Basqa sotsiallıq pa'nlerge (siyasattanıw, psixologiya, ekonomikalıq teoriya, h'uqıqtanıw h'a'm t.b.) kelsek, olardın' predmeti menen sotsiallıq filosofiya predmetinin' parqı anıq: olardın' h'a'mmesi de filosofiyalıq ulıwmalıq h'a'm universallıqtı dawa qılmaydı, ja'miyet turmısının' tek g'ana konkret, o'z aldına ta'replerin, tarawların u'yrenedi.

## § 3. Ja'miyet h'a'm onın' rawajlanıwı h'aqqındag'ı pikirler

Ma'selenin' mazmunı. Ja'miyet neden ibarat, degen ma'sele ko'p a'sirlerden beri filosoflardı qıynap kelmekte. Da'slep juwap anıq ko'rinip turg'anday tu'yiledi: - ja'miyet bul adamlardın' jıyındısı. Biraq bul juwap alımların qanıqtırmay qoyg'an. U'ydi alatug'ın bolsaq, bul tek gerbishlerdin' jıyındısı emes-g'oy. Budan ne h'a'mmesinen a'h'miyetlirek? Tarqaq elementlerdi bir pu'tin qılıp birlestiriwshi baylanıslar h'a'm o'z-ara ta'sirler za'ru'r.

G.A.Sorokinnin' pikirinshe, "ja'miyet bar bolıwı ushın h'esh bolmasa eki adam bolıwı h'a'm olar bir-birleri menen o'z-ara ta'sir baylanısta bolmag'an bolıwı kerek. Bul en' a'piwayı ja'miyettin' ko'rinisi…"[1].

Sonı anıq aytıw mu'mkin, sotsiallıq filosofiyanın' tiykarg'ı wazıypası. Aflotunnın' pikirinshe, ja'miyet adamlarının' mu'ta'jliginen payda boladı. Arastu onı "ta'biyattın' na'tiyjesi", orta a'sir filosofiyası Alla jaratqan, degen pikirdi alg'a su'redi. Farabiy ja'miyettin' payda bolıwın teologiya – aldınnan belgilengen maqsetke muwapıq ko'z-qarasınan tu'sindiredi - ja'miyet adamlardın' ka'milikke erisiw ushın za'ru'r, dep esaplaydı.

Jan'a da'wirde "h'a'mmenin' h'a'mmege qarsı" urıstın' aldın alıw maqsetinde sotsiallıq sha'rtnama teoriyası (T.Gobbs, J.Lokk, B.Spinoza, J.J.Russo h'a'm t.b.) rawajlandı. Olardın' pikirinshe, adamlar kelisim du'zip, o'zin-o'zi saqlap qalıw ushın nızamlarg'a boysına basladı. Jan'a da'wir oyshılları adamlardı ja'ma'a' bolıp birlesiwlerinin' tiykarı h'aqqında ga'p aytsaq, sonday variantların alg'a su'rdiler, olar ja'ma'a' ko'z-qaraslardın' ulıwmalıg'ı (E.Dyurkgeym), ja'miyetlik ta'sirler (Veber), norma h'a'm qa'diriyatlar ulıwmalıg'ı (T.Parsons, R.Merton), ja'miyetlik institutlar, sho'lkemler (T.Bottomor, S.Lipset) h'a'm basqalardan ibarat. To'mende biz

---

[1] Социология. М., 1995. 144-бетдан олинган.

ja'miyetke tiyisli tu'rlishe talıqlawlar: diniy, idealistik, materiallıq, talıqlawlar ko'rip shıg'amız.

**Ja'miyettin' diniy talıqlawı.** Ha'r qanday diniy ta'liymat ja'miyet, onın' payda bolıwı, rawajlanıwı, iskerligi tuwrısındag'ı o'z talıqlawın beriwge h'a'reket qıladı.

*Buddaviylik* ja'miyetlik turmıstın' h'a'r qanday ko'rinislerinen waz keshiwdi, uzlatga sheginip**,** nirvanag'a sho'miwge (arnawlı h'alatqa kiriwge) shaqıradı. Biraq bunday sheshim tek budda toplamları analiz etilgende shıg'adı. Buddizm menen jaqınnan tanısıw ushın sonnı ko'rsetedi, buddizm ta'reptarları ushın nirvanag'a talpınıw "baylıq, joqarı ma'rtebeli h'a'm ja'miyetlik kelisiw qa'lewi menen"[1] jetiskenlik ta'rizde uyg'ınlasıp ketedi.

*Konfutsiylik* ta'reptarlarının' pikirinshe, jerdegi du'nya aspan obrazı h'a'm og'an uqsatıp jaratılg'an bolıp, og'an h'esh qanday qosımsha h'a'm o'zgerisler kiritiliwi kerek emes. Ja'miyetlik turmıstın' tiykarg'ı printsipleri (Konfutsiy pikiri boyınsh): a) ma'mleket baslıg'ına sadıqlıq; b) joqarıdag'ılarg'a h'u'rmet; v) wazıypag'a sadıqlıq h'a'm basqalar. Konfutsiylik, bir ta'repten insan h'a'm ja'miyetti tu'rli toqnasıwlardan qorg'awg'a, ekinshi ta'repten, insandı anıq, konkret ja'miyetlik ideyalarg'a erisiwge jollawshı u'rip-a'detler, da'stu'rlerdi saqlap qalıwdı u'gitleydi. Konfutsiyliktin' ja'miyetlik rawajlanıwındag'ı tiykarg'ı qag'ıyda (postulat)lardan biri – zorlıq qılmaslıq bolıp, bunda a'yyemgi Qıtay ma'deniyatının' h'a'm buddaviyliktin' ideologiyalıq ta'siri ko'rinip turadı.

*Xinduviylıq* ja'miyetlik ko'z-qaraslarında ornatılg'an ta'rtiptin' ierarxiyag'a tiykarlang'anlıg'ı h'a'm bekkemligi ideyası u'stin turadı: ja'miyettin' barlıg'ı kastalarg'a bo'lingenligi, olar ortasındag'ı shegaralar qattı saqlanıwı da'rka'r. A'melde bul na'rse kastalar ortasında qarsılıqlar h'a'm dushpanlıqlarg'a, "pa's" kastalardın' kemsitiliwine, a'yyemgi ja'miyetlik waqıyalıqlardın' saqlanıp qalıwına alıp keledi. Xinduviylıq

---

[1] Р.Ч.Лестер. Буддизм.//Релегиозные традиции мира. Б., 147-б.

ja'miyetlik h'a'm jeke turmıs tarawındag'ı izertlewler h'a'm shekleniwlerdin' buzılıwına qarsı turadı. Onın' ushın rawajlanıw ideyası jatdur. Hindistannın' ko'p g'ana ko'zge tu'sken oyshılları (a'sirese, M.Gandi, R.Tagor), en' aldı menen xinduviylıqtı onın' insan h'a'm ja'miyet tuwrısındag'ı ko'z-qaraslardı reformalaw maqsetinde ko'p ku'sh sarıpladı.

*İudaizm*dag'ı ja'miyetlik mashqalalardın' o'zine ta'nligi yaxudiylarg'a ko'p a'sirler dawamında basqa sotsium ja'ma'a'lerinen o'l aldına ajıratılg'an h'alatta jasawg'a tuwrı kelgenligi menen belgilenedi. Sonın' ushın da iudaizmnin' ja'miyetlik mashqalası shan'araq h'a'm ja'ma'a' shen'berinde shegaralang'anlar. Biraq waqıt o'tiwi menen ko'plep ja'miyetlik qa'diriyatlar o'zgerip ketedi. Ma'selen, ka'mbag'allarg'a ja'rdem beriw (filantropik) a'h'miyetine iye bolıp, ja'ma'a'nin' gu'llep-jasnawı ushın xızmet qılıw ken' ja'miyetlik iskerlik sıpatında qollap-quwatlanadı. İudeyler a'tirapında a'lemdi, pu'tkil ja'miyetti dushpan dep qabıl qılıwdan waz keshiwi. "Bar u'rip-a'detler ku'shine qarsı turıw h'a'm o'zi ushın jan'a, ja'ne de ken'rek du'nyanı ashıw, yaki da'stu'riy, h'aqıyqat h'a'm a'detlerge qa'wip salıwshı faktor dep qaralatug'ın zamanago'y jan'a ideyalarg'a qarsı turıw kerek"[1], - degen mashqala ju'zege kelgende ko'pshilik yaxudiyler kelisiw jolın abzal ko'rdi.

*Zardushtiylik* dininde ja'miyetke tiyisli ko'z-qaraslar jeterli da'rejede qızıqarlı sa'wlelengen. Belgili alımlardan M.M.Xayrullaev h'a'm M.A.Usmanovtın' aytıp o'tiwinshe, "Zardushtiylik tek g'ana din bolmay, h'u'kimiranlıq ideologiya. Onda ja'miyettin' sotsiallıq-siyasiy du'zimi, ba'lkim ja'miyettin' u'rip-a'detleri h'a'm a'debi de, xalıq awızeki do'retiwshiligi de, a'debiy do'retiwshiligi de"[2] sa'wlelengen. Zardusht ta'liymatı Oraylıq Aziyalıq h'u'kimranlarg'a ma'mleket quralı bolıp xızmet qıldı, bunda siyasiy-h'uqıqıy printsipler, ba'lkim diniy-a'dep-ikarmlılıq

[1] М.Фишбейн. Религиозные традиции Иудаизма //Релегиозные традиции мира. 253-б.
[2] Очерки истории общественно-философской мысли в Узбекистане. Т., 1977. 12-б.

printsipler h'a'm normalar da tiykarg'ı ta'rtipke salıwshı qural bolıwı kerek edi. Zardushtiylikke tiykarlang'an ideal ja'miyet konfutsiylik buddaviylik, iudaizm, platonizm h'a'm basqalardın' belgilerin o'z ishine aladı"[1].

Ja'miyetlik mashqalalarg'a *islamlıq* ko'z-qaraslarda ila'h'iy ta'liymatlarg'a tiykarlanadı. İslamda ta'g'dirge boysınıw, sabır-taqatlı bolıwg'a shaqıradı. İslamnın' geografiyalıq quramı ken' tarqalıwı onın' territoriyalarg'a ta'n bolg'an ko'rinisleri payda bolıwına alıp kelip, bul territoriyalrada ja'miyetlik ma'seleler ol yaki bul h'alatlarg'a baylanıslı jag'dayda talıqlanadı. İslam tek g'ana o'zine ta'n turmıs ta'rizi, "insan barlıg'ının' h'a'mme ta'replerine teren' ta'sir qılıwshı"[2]. din sıpatında maydang'a shıg'adı. İslam ta'liymatında musılmannın' ja'miyetlik h'a'm jeke turmısının' barlıq ta'repleri ko'rsetip berilgen. Sonın' ushın da u'rip-a'detler islam menen zamanago'ylesken islam ortasında qarsılıqlar bar. Bul mashqalalar barlıq basqa dinlerden de bar bolıp, islamda keskin tu's alg'an.

*Xristianlıq*ta sotsiallıq-filosofiyalıq mashqalalardın' rawajlanıwı a'dewir tu's aldı. Bug'an A'wliye Avgustinnin' "İla'h'iy qala h'aqqında" dep atalatug'ın shıg'arması sebep bolıp, onda ol kishkene ja'miyettin' rawajlanıwı tuwrısında o'z kontseptsiyasın sho'lkemlestirdi h'a'm rawajlandırdı. Bul shıg'armada ol gu'na'h'ka'rlıqqa, baylıqka tiykarlang'an ja'miyetti diniy pa'klikke tiykarlang'an ja'miyetti qarama-qarsı qoyadı, usı ja'miyetti "ila'h'iy qala" – Bojiy grad, dep ataydı. Tariyxta xristianlıqtın' katolitsizm, pravoslav, protestantizm sıyaqlı ag'ımları bar. Olardın' h'a'r biri o'zinin' konfessional qa'siyetlerinen tısqarı, arnawlı filosofiyalıq ta'replerine iye bolıp, ja'miyettin' rawajlanıwı tu'rlishe sa'wlelenedi. Katolik dini o'zinin' bir qansha basqıshlarg'a iye bolg'an, ja'miyetten joqarı turıwshı, onı basqarıwshı h'a'm o'z h'u'kimin barlıq adamlarg'a o'tkeriwshi sho'lkem dep esaplaydı.

---

[1] Е.В.Абдуллаев. Очерки культуры доисламской Центральной Азии: религия, философия, право. Т., 107-108-б.
[2] Ф.М.Денни. Ислам и мусульманская община//Религиозные традиции мира. 144-б.

Pravoslav dini o’zin adamlardın’ a’detlik mayishiy isleri menen baylanıslı dep esaplaydı. Olarg’a h’esh qashan jalg’ız oraydın’ bolmag’anlıg’ı da sog’an alıp kelgen. Katoliklerge Rim h’a’m Papa iye bolg’an h’alda, barlıq pravoslav sherkewleri g’a’rezsiz bolg’anlar. Ha’tte Konstantinopol patriarxı da ten’lerdin’ ishinde birinshilerinen bolg’an.

Protestantizmge kelsek, ol katoliklitsizmnin’ barlıq islerine h’a’dden tısqarı aralasıwına juwap sıpatında ju’zege keldi. Protestantizm ko’birek a’piwayı turmıs ta’rizi menen baylanıslı.

Ha’zirgi da’wirde ja’miyetlik-filosofiyalıq ma’seleler neotomizm ta’liymatında o’z ko’rinisin tawıp, ol katolitsizmnin’ ra’smiy doktrinası esaplanadı. Bul ta’liymattın’ mazmunı sonda, onda ja’miyet ila’h’iy talıqlanadı: adamlar ortasındag’ı baylanıslar, mu’na’sibetler anıq maqsetti a’melge asırıwg’a qaratılg’an bolıwı kerek. Neotomistlardın’ pikirinshe, insan real ja’miyetlik mu’na’sibetler, Quday menen jaqınlasıw waqtında o’z ma’nisin sa’wlelendiredi. Neotomizm jamiyettin’ rawajlanıwı, da’stu’rlerdin’ diniy qarasların zamanago’y mashqalalar menen birlestiriwge h’a’reket qıladı.

**Ja’miyettin’ idealistik talıqlanıwı.** Jamiyet rawajlanıwı idealizm ko’z-qarasınan tu’sindirip beriw antik da’wirge – *Fukidid* h’a’m *Geradot* jasag’an da’wir (mil.a’yyemgi V a’sir)ge tuwrı keledi. *Aflotun* (“Ma’mleket”, “Nızamlar” h’a’m basqa shıg’armalarında) ja’miyet tuwrısındag’ı idealistik ta’liymattı ken’ rawajlandırg’an. *Etatik* u’rip-a’det onnan baslanıp, og’an tiykarınan ja’miyet penen ma’mleketti bir dep tu’sindiriwge h’a’reket qılıng’an. Aflotun o’zinin’ u’sh jamiyetlik klasstan ibarat ideal ma’mlekettin’ modelin islep shıqkan: “filosoflar” (“danıshpanlar”) ma’mleketti basqaradı; “la’shkerler” (“qorıqshılar”) ma’mleketti qorıqlaydılar, azat miynetkeshler (diyxanlar, o’nermentler), sonday-aq qullar (olar ja’miyet h’a’m onın’ dizimnen tısqarıda) miynet etedi. Aflotun ja’miyetlik rawajlanıwının’ antik idealistik talıqlanıwına tiykar saldı. Onın’ pikirinshe, ja’miyetlik rawajlanıw

ja’miyet “ideyası”nın’ ken’eyiwi bolıp, ja’miyet tuwrısındag’ı pikirler payda bolmastan aldın bar bolg’an. Aflotun “izbasarları” da ma’mleket h’a’m ja’miyet tu’sinigin bir-birinen parıq qılmaydı. Aflotunnın’ pikirinshe, ma’mlekettin’ du’zilisi o’z aldına alıng’an individ ruwxının’ du’zilisi menen birdey.

Ja’miyet rawajlanıwının’ idealistik talıqlanıwı keyinshelli Arastu shıg’armalarında o’z ko’rinisin taptı (“Siyasat”, “Etika” h’.t.b.). Ol du’zimnin’ u’sh basqıshın ko’rsetip beredi: a) shan’araq; b) ja’ma’a’; v) ma’mleket. Olardın’ barlıg’ı bir-biri menen iearxik mu’na’sibette. Ja’ma’a’ - shan’araqlar jıyındısı; ma’mleket ja’ma’a’lar jıyındısınan birat. Shaxs ja’miyet nızamlarına (shan’araq, ja’ma’a’, ma’mleketke de) antik idealistik jandasıwdın’ ma’nisi sonda. Ol o’z aldına individke salıstırmalı birlemshi qaraladı.

Ja’miyettin’ bunday da’stu’riy talıqlanıwına Shıg’ıs oyshılları da o’z u’leslerin qosqan. Bug’an *Farabiy*dın’ “Pazıl adamlar qalası”, *Beruniy*dın’ “O’tmish xalıqlardan qalg’an miyraslar”, *Yusip Xos Xajib*tın’ “Qutadg’u bilig”, Nawayının’ “Payg’ambarlar h’a’m danıshpanlar tariyxı”, *Amir Temurdın’* “Tuzikleri”, Jomiydin’ “İskenderdin’ danıshpanlıq kitabı” h’a’m basqalar shıg’armaların mısal etip keltiriwdin’ o’zi jetkilikli. Bunnan Shıg’ıs oyshıllarının’ antik da’wir filosofiyası miyrasxorları ekenlikleri ko’rinip turıptı. Ma’selen, İbn Sinonın’ pikirinshe, ja’miyet u’sh klassqa bo’liniwi kerek: basqarıwshılar, la’shker (a’skeriy), islep shıg’arıwshılar. Bul Aflotunnın’ qarasların tastıyıqlaydı. O’z na’wbetinde Farabiydin’ ja’miyetke tiyisli qarasları, ideyaları Arastunın’ pikiri menen baylanısıp, Shıg’ıstag’ı sol da’wirdin’ ja’miyetlik-siyasiy sharayatına maslastırılg’anı, rawajlandırılg’anı ko’rinip turıptı. Shıg’ıs oyshıllarınan *Al-Buxariy* (“Shax ushın paydalı xabarlar tuwrısındag’ı kitap”), *Bedil* (“Biliw”), *Mashrab* (“Diywana Mashrab”), *Ah’med Danısh* (“Kamëb h’odisalar”) de o’z shıg’armalarında

ja'miyet, ma'mleket, olardı basqarıw h'a'm shaxstın' ornı tuwrısında o'z pikirlerin jazıp qaldırg'an[1].

Ja'miyet h'aqqındag'ı idealistik talıqlanıw rawajlanıwg'a *T.Gobbs* h'a'm *J.Lokk* (ja'miyetlik kelisiw sha'rtnaması teoriyası), *J.Viko* ("millet h'a'reketi tuwrısındag'ı ta'liymat"), *Volter* (barlıq insanlardın' basınan-aq siyasiy ten'ligi tuwrısındag'ı ta'liymat), *İ.Kant* ("a'debiy du'nya" tuwrısındag'ı ta'liymat) o'z u'leslerin qostılar. Ja'miyettin' tamamlang'an idealistik talıqlanıwı *Gegel* filosofiyasında o'zinin' tolıq ko'rinisin taptı. Onın' "Huqıq filosofiyası", "Tariyx filosofiyasınan lektsiyalar", "Estetikadan lektsiyalar", "Falsafa tariyxınan lektsiyalar" shıg'armaları derlik tolıg'ı menen ja'miyetlik mashqalalarg'a bag'ıshlang'an. Gegel olarg'a "ja'miyet" tu'siniginin' "ma'mleket" tu'siniginen ken'lew ekenligin anıq h'a'm tu'sinerli formada bayan etip berdi. *Puqaralıq ja'miyeti,* yag'nıy tikkeley ma'mleket basqarmaytug'ın sotsium tuwrısındag'ı ideya Gegel ta'repinen alg'a su'rilgen. Ja'miyetlik rawajlanıwdın' mazmunı, Gegel pikirinshe pu'tkil a'lemdi, sonın' menen birge ja'miyetti de o'z ishine alıwshı "absolyut ideyanın'" o'z-o'zinen tarqalıwı. Onın' pikirinshe, "absolyut ideya" *logika* (yaki taza pikirlew) shen'berinde, keyinrek *ta'biyat* sıpatında rawajlanadı. Biraq bunda ta'biyat mazmunın emes, ba'lkim tek sırtqı h'a'diyse sıpatında ju'zege shıg'adı. "Absolyut ruwx"tın' u'shinshi joqarı rawajlanıw basqıshı *tariyx,* yag'nıy insan aktivligi barlıq tu'rlerinen (sana, iskerlik h'a'm t.b.) ibarat. Gegel ja'miyetlik rawajlanıwdın' nızamların pikirlew (logika) nızamları menen bir dep biledi. Bul ja'miyetti tu'sindiriwdegi absolyut idealizmnin' ko'rinisi.

XX a'sirge kelip, neogegelshiler (R.Kollingvud, V.Kroche, G.Glokner h'a'm b.) Gegel filosofiyanı jan'a zamango'y ja'miyetlik protsesslerge maslastırıp qollawg'a h'a'reket qıldı. Ma'selen, inglis neogegelshi *B.Bozanket* Gegeldin' "absolyut ruwx" tuwrısındag'ı ideyası barlıq

[1] Очерки истории общественно-философской мысли в Узбекистане. Т., 1977.80-81-б.

ja’miyetlik institulardın’ (ma’mleket, din, h’uqıq, a’dep-ikramlılıq h’a’m b.) en’ joqarı individuallasqan formasının’ ko’rinis bolıwı basqa na’rse emes, dep aytıp o’tedi. Ja’miyetke neogegelshe jandasıwdın’ xarakterli qa’siyeti ja’miyetlik barlıq h’a’m pikrlewdi usı dep ta’n alıwdan ibarat.

Ja’miyet idealistik talıqlanıwı rawajlanıwg’a ekzistensializm, “turmıs filosofiyası”, neokantshılıq, neopozitivizm, neofreydizm h’a’m basqa da ag’ımlar da o’z u’leslerin qostı.

**Ja’miyettin’ materialistik talıqlanıwı.** XIX a’sirge shekem bolg’an da’wirde ja’miyetke tiyisli ko’z-qaraslarda diniy h’a’m idealistik qaraslar tıg’ız h’alda h’u’kimiran bolıwına qaramastan, Levkipp h’a’m Demokritten tartıp L.Feyrbax h’a’m N.G.Chernishevskiyge shekem bolg’aniri oyshıllar ko’z-qaraslarında ayırım materialistik ideyalar bar bolg’an. Ma’selen, *Demokrit* aytıwınsha, insannın’ “qolı, aqılı h’a’m pikirlewi” insannın’ ih’tiyajları ta’siri astında ja’miyetlik qa’diriyatlardı jaratadı. *Lukrettsiy Kar* ja’miyette, ta’biyatta da qudaylardın’ ku’shi menen payda bolmaydı h’a’m olar arqalı basqarılmaydı, degen pikirdi maqullaydı.

Shıg’ıs oyshıllarının’ qaraslarında da ja’miyetti materialistik analizlewdin’ ayırım elementleri bar. Ma’selen, *Farabiy* ja’miyet payda bolıwının’ ta’biyiy sebeplerin tabıwg’a umtıladı. Ol “materiallıq ih’tiyajların birinshi da’rejege alıp shıg’adı h’a’m sol menen ja’miyettin’ payda bolıwı mashqalasın ko’teredi”[1].

Jan’a da’wirde ta’biyiy pa’nlerdin’ h’a’m mexanik-materialistik ideyalarının’ rawajlanıwı da ja’miyetlik rawajlanıwdı materialistik tiykarda tu’sindiriw tuwrısındag’ı bilimlerinin’ qa’liplesiwine o’z ta’sirin ko’rsetedi. Bul protsesske XVIII a’sir *fransuz materialistleri* u’lken u’les qostı. Bul bolsa: a) ja’miyetti idealistik-teologik tu’sinikti biykar etiw; b) determinizm kontseptsiyası (ja’miyetlik h’a’diyselerdin’ payda bolıwının’ sebepliligin) belgilew; v) ja’miyettin’ insanlardın’ o’z-ara mu’na’sibetleri h’a’m o’z-ara

[1] “Очерки истории общественно-философской мысли в Узбекистане”. Т., 1977.80-81-б.

ta'sirleri tiykarında qurılıwı; g) rawajlanıwdın' tiykarı dep a'meliy ta'jiriybe h'a'm qaraslarg'a a'h'miyet beriw kerekligin aytıp o'tiw kerek. Ma'selen, *L.Feyrbax* o'zinin' naturalistik kontseptsiyanı ja'miyetti diniy h'a'm idealistik analizlewge qarsı qoyadı. Onın' tiykarında ja'miyetlik rawajlanıwdın' tiykarg'ı h'a'reketlendiriwshi ku'sh sıpatında insan sezgileri ekenligi aytıp o'tedi. Ulıwma aytqanda, L.Feyrbax materializmdı antropollogik xarakterge iye.

Ja'miyetlik rawajlanıwdın' materialistik analizi *K.Marks* h'a'm *F.Engles*lerdin' "Kapital", "Shan'araq, jeke mu'lik h'a'm ma'mlekettin' kelip shıg'ıwı", "Nemis ideologiyası", "Filosofiya gedeyligi", "Muqa'ddes shan'araq" shıg'armalarında ken' jarıtıp berilgen. Olar "sotsiallıq barlıq", "ja'miyetlik sana" sıyaqlı filosofiyalıq tu'siniklerdi tiykarlap berip, birinshisi ekinshisine salıstırmalı birlemshi ekenligin aytıp o'tti. Ja'miyetlik rawajlanıwdın' tiykarın ja'miyetlik islep shıg'arıw sho'lkemlestiriwdi tu'sindirilip berildi. Ja'miyet rawajlanıwdın' tariyxıy basqıshlarında belgili bir materiallıq islep shıg'arıw usılı barlıg'ı, bul bolsa *sotsiallıq-ekonomikalıq* formatsiya sıpatında sa'wlelenip, insaniyat ja'miyeti tariyxı bolsa formatsiyalardın' izbe-iz almasıwınan ibarat.

Ja'miyetlik rawajlanıwdı tu'sindiriwge tiyisli h'a'zirgi zamanago'y materialistik analizler jeterli da'rejede ko'p h'a'm ra'n'be-ra'n'. En' aldı menen, "*dialektik-gumanistik*" ag'ım ko'z-qarasınan ja'miyetti ko'birek "insaniylastırıw", gumanizatsiyalastırıw kerek. Sol maqsette filosofiyanın' to'mendegi tu'rli mektepleri h'a'm jo'nelislerdin' ideyaların materialistik ideyalar menen birlestiriwge h'a'reket qılınadı: neogegelshilik (Frankfurt mektebi – *T.Adorno, T.Maruze, Ya.Xabermas* h'a'm b.); freydizm (freydomarksizm – *V.Rayx, E.Fromm* h'a'm b.; ekzetsensializm (*J.P.Sartr, A.Lefevr, M.Merlo-Ponti* h'a'm b.); fenomenologiya *(E.Pachi, P.Pikone* h'a'm b.); "Turmıs filosofiyası" (*E.Blox*) h'a'm basqalar. Ma'selen, J.P.Sartr tuwrıdan-tuwrı "sotsiallıq materiya"nın' barlıg'ı tuwrısındag'ı aytsa,

“frankfurtshiler” bolsa ja’miyettin’ ekonomikalıq du’zilmesi analizine o’z itibarların qarattı.

XX a’sir sotsiallıq filosofiyanın’ rawajına venger filosofı *Derd Lukach* (1886-1971), a’dewir ta’sir ko’rsetti. Onın’ ideyaları tek Vengriyada emes (*A.Xeller, F.Fexer, A.Xegedush*), ba’lkim basqa ma’mleketlerde de – Yugoslaviya (*G.Petrovich, M.Markovich, S.Stoyanovich*), Frantsiyada (*L.Goldman*) da ko’p g’ana oyshıllardın’ filosofiyalıq ko’z-qarasları qa’liplesiwine tiykar bolıp xızmet qıldı. Lukach h’a’m onın’ izbasarları filosofiya pu’tinliginshe ja’miyetke jo’neltirilgen, ta’biyat bolsa insannın’ og’an salıstırmalı aqılıy-a’meliy mu’na’sibeti arqalı qaralıwı kerek, dep shamalaydı.

Ja’miyet rawajlanıwı tuwrısındag’ı zamango’y karasları rawajının’ ja’ne bir jo’nelisi “stsentizm” jo’nelisi. Olar materializmdı “tariyxtan”, “empirializmnen”, “ideyalogiyadan” tazalaw jolı menen “ilimiylestiriw”, “jaqsılaw” arqalı quramalılastırıw kerek, dep uqtıradı. Bul ag’ımnın’ ko’rinislerinen biri fransuz filosofı *Lui Altyusser*. Ol teoriyanı emperik, ideolgik, subektiv qatlamlardan “tazalap”, ilimiy sotsiallıq filosofiyanı jaratıw wazıypasın alg’a su’rdi. Altyusser pikirinshe, filsofiyadag’ı tiykarg’ı tu’sinik “a’meliyat”dur. A’meliyattı ekonomkalıq u’sh tu’rli tu’rge (ekonomikalıq, siyasiy, ideologiyalıq) tiyisli tu’sinikti kiritedi. Filosoftın’ pikirinshe, “olar bir-biri menen o’z-ara tasirde bolg’an h’alda qa’liplesiw h’a’m ideologiyag’a ta’sir ko’rsetedi h’a’m o’z na’wbetinde olar da ekonomikag’a ta’sir o’tkeriwi mu’mkin”. Altyusser qarasları Frantsiyada (*E.Balibar, D.Lekur, P.Reymon, N.Pulantsas*), Ullıbritaniyada (*B.Xindess, R.Xerst*), İtaliyada (G.Della Volpe h’a’m b.) AQShta (Dj.Eleter, Dj.Remer h’.b.) ken’ tarqalg’an.

# II BAP. JA'MİYET MA'NİSİ, DU'ZİLİSİ, TİYKARG'I SALALARI HA'M RAWAJLANIWI.

## §1. Ja'miyet tu'sinigi h'a'm onın' strukturası.

**«Ja'miyet» tu'sinigi.** Ja'miyet ne degen soraw intuitiv ta'repten h'a'mme ushın tu'sinerli bolsa da, biraq ja'ne ja'miyet ne o'zi degen soraw payda boladı?

Etimologik ko'z-qarastan bul tu'sinik tu'rli h'a'diyselerdin' birligin sa'wlelendiredi.

1. Materiallıq du'nyanın' bir bo'legi bolıp, a'lemnin' birligin h'a'm qa'liplesiwinin' tariyxın rawajlanıp atırg'an barlıq usılları jıyındısı.

2. Adamlardın' tariyxı ta'repinen o'z-ara ta'sir usılı h'a'm birligi formasının' h'a'r birewi.

3. Jasaw waqıtı h'a'm jasaw jeri bir bolg'an adamlardın' (aymaq, ma'mleket h'.b.).

4. Adamlardın' belgili maqset jolında birlesiwi.

5. O'z waqıtın birgelikte o'tkeretug'ın adamlar toparı h'a'm basqalar.

"Ja'miyet" tu'siniginin' mazmunın tu'rli filosofiyalıq mektep h'a'm bag'darlar, sonday-aq, ol o'z aldına oyshıllar da tu'rli jollar menen tu'sindiriwge h'a'reket etkenler. Sol tiykardan, ja'miyet tuwrısındag'ı joqarıda ko'rsetilgen aldıng'ı eki tu'sinikti o'z ishine alg'an "sotsium" tu'sinigi payda boladı.

Frantsuz filosofı h'a'm sotsiologı *Emil Dyurkgeym* (1858-1917)nin' pikirinshe, "ja'miyet – bul indivilerdin' a'piwayı jıyındısınan ibarat bolmay, arnawlı qa'siyetlerge iye bolg'an, olardın' birlespesinen payda bolg'an dizim bolıp, reallıqtı o'zine tiyisli qa'siyetlerge iye bolg'an "sui generis" o'z ko'rinisin tabadı. Nemis filosofı *Maks Veber* (1864-1920) pikirinshe, ja'miyet insanlardın' o'z-ara ta'sirinen, yag'nıy ja'miyetlik h'a'reketlerden payda bolg'an dizim bolıp, basqa adamlardın' h'a'reketlerine qarsı juwap

retinde jo'neltirilgen. M.Veber ja'miyet rawajlanıwının' tiykarın ja'miyetlik iskerlikte, dep esaplaydı. Amerika sotsiologı h'a'm sotsiallıq filosofiya boyınsha qa'niyge – filosof *Tolkott Parsons* (1902-1979) pikirinshe, ja'miyet qa'diriyatlar h'a'm o'lshemler menen baylanısqan adamlardın' mu'na'sibetine tiykarlang'an dizim. İnsan solarg'a tiykarlanıp, o'z ja'miyetlik iskerligin a'melge asıradı. T.Parsonstı belgili ma'ninde M.Veberdin' ideologiyalıq miyrasxorı dew mu'mkin.

Ha'zirgi da'wirdin' belgili filosofları *R.Aron, D.Bell, P.Blau, A.Giddens, R.Darendolf, G.Zimmel, F.Znanetskiy, T.Kun, K.Levi-Stross, K.Manngeym, R.Merton, X.Ortega-i-Gasset, K.Popper, P.A.Sorokin, E.Fromm, K.Yaspers* h'a'm basqalar ja'miyet tuwrısındag'ı o'zine ta'n pikirlerdi bildirgenler. Ko'pshilik oyshıllar ja'miyettin' ma'nisi bir yaki bir neshshe tiykarg'ı printsip arqalı tu'sindiriledi. Ma'selen, O.Shpannda bul printsip – bir pu'tinlik, O.Tofferda – plyuralizm, U.Rostouda – basqıshpa-basqıshlıq, K.Popperda – ashıqlıq, R.Mertonda – universallıq. Biraq ma'selege u'lken itibar menen qarawshı filosoflar h'a'tteki o'zlerinin' printsiplerin de absolyutlestirmeydi. Ma'selen, K.Popper ashıqlıq printsipi h'aqqında mınaday dep jazadı: «Ashıq ja'miyetler… ele quramalılıqta jıraqta…, al a'wladlarımız bir neshe ju'z jıllardan son' a'dep-ikarmlılıq jaqtan bizden biraz o'tip ketse kerek. Bulardın' barlıg'ı ju'z beriwi mu'mkin dep esaplasam - da, sog'an qaramay, ja'ne qaytaraman: Ha'zirgi da'wirde biz jasap turg'an ashıq ja'miyetler – qashanlardur bar bolg'an ja'miyetlerdin' en' jaqsısı, en' erkin h'a'm en' a'dalatlısı, o'z-o'zin kritikalawshı h'a'm reformalardı en' tez qabıl qılıwshılar esaplanadı»[1].

«Ja'miyet» tu'sinigin bir ma'niste ta'riyplegende bir qansha teoriyalıq, metodologiyalıq, etimologiyalıq quramalılıqlarg'a dus kelinedi. Birinshiden, bul tu'sinik ko'lemi h'a'm mazmunı jag'ınan ju'da' ken'. Ekinshiden, bul tu'sinik h'u'kim, yag'nıy filosofiyalıq kategoriya esaplanadı. U'shinshiden,

[1]К.Поппер. Открытое общество и его враги. М., 1992. 15-б.

bul tu'sinik dinamikalıq, yag'nıy rawajlanıwshan' esaplanadı. To'rtinshiden, ja'miyet tek filosofiya pa'ninin' predmeti bolmastan, barlıq ja'miyetlik pa'nler jıyındısının' predmeti esaplanadı. Besinshiden, «ja'miyet» ataması tu'rli ma'nislerde paydalanılıwı mu'mkin.

Belgilili rossiyalı izertlewshi E.V.Tadevosyan o'zinin' ja'miyetke berilgen ta'riypinde onın' turqalılıq, bir pu'tinlik, o'zin-o'zi basqarıw, o'zine toqlıq, o'zin-o'zi rawajlandırıw, adamlardan belgili bir baylanıslılıg'ı h'a'm o'z-ara tasirde bolıwı, belgili bir ja'miyetlik normalar h'a'm qa'diriyatlardın' bar ekenligi sıyaqlı qa'siyetlerdi ajıratıp ko'rsetedi[1].

«Ja'miyet» tu'sinigi joqarıda ko'rsetip o'tilgen ma'nislerden tısqarı ja'ne: a) biologiyalıq sistemalardın' en' rawajlang'an basqıshı; b) konkret anıq sotsium; v) ja'miyetlik baylanıslar h'a'm o'z-ara ta'sirler forması h'a'm basqalar. Ja'miyet h'aqqında ga'p ketkende ol ken', filosofiyalıq ko'z-qarastan tu'siniledi. En' ken' ma'niste, ja'miyet – bul adamlar birlesiwinin' barlıq formaları h'a'm olardın' o'z-ara ta'sirlerinin' barlıq usıllarının' jıyındısı esaplanadı.

**Ja'miyettin' strukturası.** Ja'miyet h'a'r qanday quramalı bir pu'tin h'a'diyse h'a'm sistema sıpatında o'zinin' du'zilisi h'a'm strukturasına iye. Bul struktura qanday degen sorawg'a filosoflardın' bir emes, bir qansha a'wladları juwap tabıwg'a h'a'reket qılg'an. A'yyemgi Shıg'ıs filsoflarının' pikirinshe, ja'miyet bir pu'tin bolganı menen bir tu'rdegi obekt emes. Eramızdan aldıng'ı IV a'sirde jasag'an Qıtay filosofı Chuan-Tszidın' aytıwınsha, «qaysı zat h'a'r tu'rlilikten ayırılsa, h'a'r tu'rlilik bolg'an jerde payda boladı».

Antik da'wirde ja'miyet strukturası mashqalasına eki tu'rli ko'z-qaras qa'liplesken edi. Birinshi ko'z-qarasqa tiykarınan, ja'miyet – tiyisli ishki strukturag'a iye bolg'an ta'biyiy du'zilme esaplanadı. Ekinshi ko'z-qarasqa tiykarınan, ja'miyet jasaw h'a'm basqarıw an'sat bolıwı ushın jasalma tu'rde

---

[1] Қаранг. Э.В.Тадевосян. Социология. М., 1999, 123-130-б.

sistemag'a salıng'an. Birinshi ko'z-qarastı Aristotel, Seneka, ekinshisin, Platon, Epikur, Lukretsiy Kar qollap quwatlag'an.

Orta a'sirde Shıg'ısta Aristoteldin' ko'z-qarasları ken' tarqalıp, ja'miyet strukturasın ta'biyiyligi ta'n alıng'an. Jan'a da'wirde «ja'miyetlik sha'rtnama» (pitim) teoriyasına tiykarlang'an ekinshi ko'z-qaras ken' tarqalg'an. Og'an ko're adamlar «ta'biyiy h'alat»ta pu'tkilley ten', azat, o'zine toq bolıp, ja'miyettin' o'zi bolsa, h'esh qanday strukturag'a iye emes. Tek ja'miyetlik pitim du'zilgennen keyin g'ana ja'miyet strukturag'a iye boladı. Bul h'alat J.J. Russo (1712-1779) ta'repinen anıq ko'rsetip berilip, onın' pikirinshe joqarı h'a'kimiyat - ja'miyettin' «bası», nızam h'a'm u'rip-a'detler – «miyi», sawda, sanaat, awıl-xojalıg'ı bolsa – sin'iriw siteması, finans bolsa – «qanı»dır h'a'm basqalar[1].

İlimiy sotsiologiyanın' tiykarshılarınan biri inglis filosofı Gerbert Spenser (1820-1903) h'a'r qanday ja'miyettin' tiykarında jatatug'ın u'sh tiykarg'ı sistema ajıratılg'an: a) ta'rtipke salıwshı; b) jasaw qralların islep shıg'arıwshı; v) bo'lip beriwshi. Sotsium qansha rawajlang'an bolsa, onın' du'zilisi sonsha quramalı boladı. «Bir tu'rlilikten ko'p tu'rlilikke o'tiw bir pu'tin tsivilizatsiya rawajlanıwında da h'a'r bir qa'wim rawajlanıwında da baqlanadı»[2].

Tu'rli filosofiyalıq, sotsilogiyalıq mektepler h'a'm bag'darlar ja'miyet strukturası h'aqqında o'z variantların usıng'an. Ja'miyetlik bir pu'tinlikke kiriwshi g'a'rezsiz sistema h'a'm kishi sistema sıpatında ma'deniyat (İ.Gerber, O.Shpengler, K.Yaspers), ko'rkem-o'ner (G.Lessing, İ.Ten, J.M.Gyugo), ekonomika (N.Smelsr, U.Mur, T.Veblen), din (E.Dyurkgeym, M.Veber, T.Lukman), sonday-aq, pa'n, texnika, h'uqıq, til, ekologiya, g'alaba xabar qralları h'a'm basqalar usınılg'an edi.

[1] Ж.Ж.Руссо. Трактаты. М., 1969. 113-б.
[2] Г.Спэнсер. Синтитическая философия. Киев., 1997. 42-б.

Ha’zirgi zaman ja’miyet filsofiyasında ja’miyetlik struktura kontseptsiyaları jetekshi orınlardan biri iyeleydi. Olardan L.Altyusserdin’ strukturalizmin, E.Giozdenstın’ strukturatsiya teoriyasın, P.Sorokinnin’ stratifikatsiya kontseptsiyasın, K.Levi – Strostın’ genetikalıq antropologiyasın, Goldmannın’ rassalıq strukturalizmin, R.Mertonnın’ du’zilemeli funktsianalizmin aytıp o’tiw mu’mkin.

Waqıttın’ o’tiwi menen ja’miyet du’zilmesinde to’rt tiykarg’ı tarawlar ajıralıp shıqtı. Ekonomikalıq, siyasiy, ja’miyetlik h’a’m ma’nawiy tarawlar. «Ja’miyetlik turmıs tarawı» tu’sinigi ornına «ja’miyetlik struktura» yaki «siyasiy turmıs» sıyaqlı tu’sinikler paydalanıladı. Olardı sinonim tu’sinkler dese de boladı. Biraq pa’nde ko’birek «taraw» tu’sinigi qollanıladı.

## §2. Ja'miyettin' tiykarg'ı salaları h'a'm olardın' o'zgeshelikleri

**Ja'miyet ekonomikalıq tarawının' tiykarg'ı qa'siyetleri.** Ekonomikalıq tarawg'a salıstırmalı tu'rlishe jandasıwlar bar. Ol tar ma'ninde "tu'rli predmet h'a'm xızmet tu'rlerin islep shıg'arıw, bo'listiriw, almastırıw h'a'm paydalanıw" dep tu'siniledi[1]. Sol ma'ninde aytıw mu'mkin, "ja'miyettin' ekonomikalıq taraw"ı tu'sinigi "bazis" tu'sinigi tuwrı keledi. Ken' ma'ninde bolsa ekonomikalıq taraw degende barlıq ja'miyetlik islep shıg'arıw protsessi tu'sindiriledi: islep shıg'arıw usılı, islep shıg'arıw ku'shleri h'a'm islep shıg'arıw mu'na'sibetlerinin' birligi, sonday-aq, ekonomikanın' o'z-ara baylanıslılıg'ı h'a'm o'z-ara ta'sirleri jıyındısı. Ken' kategoriyalı ma'ninde sotsiumnın' ekonomikalıq tarawı "ta'biyat penen insanlar ortasında individ h'a'm adamlar toparının' sanası iskerligi o'z-ara baylanısları" ko'rinisin tabadı.

Ekonomikalıq taraw tiykarında insannın' islep shıg'arıw h'a'm miynet iskerligi kiredi. Onın' za'ru'rligi insannın' mu'ta'jlik h'aywannın' mu'ta'jliginen tu'pten parıqlanıwı menen belgilenedi. İnsan rawajlanıwı menen ta'biyattan ajıraladı. Bul protsesste bolsa, ja'miyettin' ekonomikalıq tarawı rawajlanıwı a'h'miyetli rol oynaydı. "*Jeke mu'lik*" tu'sinigi ekonomikalıq tu'siniklerdin' en' za'ru'rlerinen esaplanadı. Ja'miyettin' ekonomikalıq tarawında *islep shıg'arıw ku'shleri* h'a'm *islep shıg'arıw mu'na'sibetleri* za'ru'r du'zilmeli bo'limleri esaplanadı. *Ekonomikalıq mu'na'sibetler adamlar ortasında islep shıg'arıw, bo'listiriw, almastırıw h'a'm o'nimlerdi paydalanıw protsesslerinde qa'liplesken ekonomikalıq mu'na'sibetlerdur*. İslep shıg'arıw ku'shlerine materiallıq islep shıg'arıw protsessii ushın za'ru'r bolg'an "subektiv (insan) h'a'm materiallıq (texnika h'a'm miynet quralları) elementler dizimi kiredi"[2].

---

[1] Философия. М., 1995. 209-б.
[2] С.Э.Крапивенский. Социальная философия. М., 1998. 95-б.

En’ joqarı da’rejedegi texnika h’a’m texnologiya rawajlanıwına qaramay, ba’ribir materiallıq islep shıg’arıw h’a’m ma’nawiy qa’diriyatlardı jaratıwshı insan islep shıg’arıwdın’ tiykarg’ı faktorı bolıp qaladı. Ha’zirgi da’wirde isshi o’zinin’ qa’niygeli ka’sibin, bilimlerin teren’lestirip barıwı kerek. Ma’selen, Yaponiyada jaqın keleshekke ulıwma, joqarı ta’lim sistemasına o’tiw mo’lsherlengen, sebebi isshilerge salıstırmalı talaplar ku’sheyip ketken.

Batıs sotsiallıq filosofiyası (*T.Parsons, N.Smelzer, U.Mur* h’a’m b.) ekonomikalıq turmıstı tovar h’a’m xızmetler islep shıg’arıw menen baylanıslı roller h’a’m atamalar dizimi sıpatında ko’rip shıg’adı. Ko’plep sotsiallıq filsofiyalıq teoriyalar shen’berinde ekonomikalıq bazası, ja’miyet tiykarı, fundamenti sıpatında ko’rilmeydi. Onın’ tiykarı sıpatında ma’deniyat, tsivilizatsiya, h’uqıq, a’dep-ikrmalılıq, din h’a’m basqalar kiredi. Ekonomikalıq taraw bolsa sotsiumnın’ a’piwayı kishi siteması sıpatında yaki a’piwayı ja’miyetlik institut (ta’lim, den sawlıqtı saqlaw, g’alabalıq axborot quralları) menen bir qatarda analiz qılınadı.

Ja’miyette ekonomika o’z aldına a’h’miyetke iye. Ha’zirgi zamanda eski sotsialistik ja’miyetlerdi reformalaw “bazar mu’na’sibetleri izshil rawajlandırıwga o’tiw, sawda-satıqtı rawajlandırıw, jeke mu’liktin’, jeke iskerliktin’ h’a’r tu’rliligi” za’ru’r elementlerden esaplanıw biykar emes [1].

**G’a’rezsiz O’zbekstandag’ı ekonomikalıq reformalardın’ o’zine ta’n qa’siyetleri.** G’a’rezsiz O’zbekstandag’ı milliy ma’mleketlik h’a’m jan’a sistemanın’ qa’liplesiwi ekonomikalıq tiykarında bazar qatnasıqlarına, ekonomikanın’ ko’p basqıshlıqqa o’tiwi kiredi. O’zbekstanda bazar qatnasıqlarına o’tiwi o’z waqtında patsha Rossiyasının’ koloniyası sebepli h’a’m a’sirese u’lkenin’ XX a’sir basındag’ı krizis protsesslerge, sotsializm qurılıwına tartılıwı menen toqtatılıp qoyılg’an edi. Ha’zir bolsa, ta’biyiy-tariyxıy rawajlanıw qayta baslap jiberildi. Uzıq jıllar dawamında O’zbekstan

[1] Миллий истиқлол ғояси: асосий тушинча ва тамойиллар. Т., 2001.49-б.

geosiyasiy ta’repinen Batıs h’a’m Shıg’ıs, Arqa h’a’m Qublanın’ kesilisken tochkasında jaylasqanı ushın sawda isleri ju’da’ jaqsı jolg’a qoyılıp rawajlang’an edi. Sonın’ ushın da bul jerde bazar sharayatının’ o’zine ta’n ta’jiriybesi bar edi. Bul jerdegi bazar qatnasıqlarının’ feodal-patriarxal du’zim tiykarında payda bolg’an edi. Sog’an tiykarınan o’zine ta’n bazar da’stu’rleri, ko’nlikpeleri h’a’m ruwxıy stereotipler qa’liplesken edi. Olar eski sovet da’wirindegi ku’shli real-bo’listiriw sisteması sharayatında da o’zin saqlap qala aladı. Ha’zirgi waqıtta bolsa, bul xojalıq da’stu’rleri h’a’m u’rip-a’detleri qayta tiklenbekte h’a’m sıpat ta’repinen jan’asha tiykarda paydalanılmaqta.

Ha’zirgi waqıtta bazar qatnasıqları du’nyadag’ı barlıq ma’mleketler xojalıq iskerliginin’ tiykarın payda etpekte. Biraq bazar ekonomikası h’a’r bir ma’mlektte onın’ o’z u’lgisi boyınsha rawajlanadı. Bul rawajlanıw birinshiden usı ma’mlekettin’ milliy qa’siyetleri h’a’m a’detleri esabına alınsa, basqa ta’repten, erkin ba’sekelesiw da’rejesi menen onın’ ma’mleket ta’repinen qay da’rejede basqarılıwı, sotsiallıq jo’neltirilgen da’rejesi, sonday-aq sheshilip atırg’an makroekonomikalıq mashqalalar u’stinligine baylanıslı boladı. Ma’selen, “amerikalıq” modelge ku’shli erkin ba’sekelesiw ta’n bolsa, “yaponsha”, “fransuzsha” modeller ushın ma’mlekettin’ xojalıq islerinde aktiv qatnasıw; “nemisshe”, “shvedshe” modellerde bolsa, u’lken sotsiallıq bag’darlaw za’ru’r. Rawjalanıp atırg’an ma’mleketlerde bolsa tiykarg’ı itibar ekonomikanı turaqlılastırıw, byudjet jetispewshiligin keskin kemeyttiriw, ekonomikanı erkinlestiriwge qaratıladı. Qubla-Shıg’ıstag’ı jan’a industrial ma’mleketler (Singapur, Qubla Koreya, Tailand, Gonkong) ushın ku’shli ma’mleket abıroyın saqlaw, import ornın basıw strategiyası saqlang’an h’alda eksportı marapatlaw bazar qa’iyetleri esaplanadı.

Eski awqam territoriyasında ju’zege kelgen jan’a g’a’rezsiz ma’mleketlerdin’, bazar ekonomikasına o’tiwi h’a’zirgi zaman tariyxtag’ı ta’kirarlanbas h’a’diyse esaplanadı. Bunday o’tiw ta’biyiy, bir tegis

rawajlanıw, ekonomikanın’ quramalılasıwı emes. Bul bir sıpat h’alatında ekinshi sıpat h’alatına, bir ekonomikalıq qatnasıqlar sistemasınan jan’a basqasha bir sistemag’a o’tiw. Ol basqarıwdın’ buyrıq-administrativlik sistemag’a tiykarlang’an oraylastırıw rejelik-bo’listiriw ekonomikasın sındırıp, erkin bazar nızamlıqlarına tiykarlang’an ekonomikalıq qatnasıqların qa’liplestiriwden ibarat. Bul protsessti birinshiden, bir aktli h’a’diyse dep bolmaydı, ol stixiyalı protsess te emes. Ol eski mu’na’sibtelerin toqtatıw, jan’a mu’na’sibet ornatıwg’a qaratılg’an anıq maqsetli iskerlikten ibarat bolg’an *o’tiw da’wirin* ko’rsetedi. Bunda sonı na’zerde tutıw kerek, bazar ekonomikası jeke mu’likti, erkin ba’sekelesiwdi, narıqlarının’ erkinlestiriliwi h’a’m basqaların biykar etiwshi sotsialistik ekonomika menen bir genetik tamırlarg’a iye emes.

Ta’jiriybenin’ na’tiyjesinde, bunday o’tiw protsessi, ekonomikalıq krizis penen birge o’tedi. İslep shıg’arıwdag’ı a’dettegi siklik kriziske salıstırmalı bul krizis a’debiyatta “o’tiw krizisi” de pat alg’an. Ol islep shıg’arıwdın’ pa’seyiwi, puldın’ qa’dirsizleniwi, isshizliktin’ artıwı h’a’m xalıqtın’ ko’pshilik bo’legi turmıs da’rejesinin’ keskin pa’seyiwi menen a’melge asadı. Bulardın’ barlıg’ının’ sebebi sıpatında to’mendegilerdi ko’rsetiw mu’mkin: rejege tiykarlang’an ekonomikadag’ı naqulay sharayatlar, du’zilmeli ag’ıslar, ekonomikanı a’skeriylestiriw h’a’m ko’pshilik jag’daylarda bul faktorlar reformashılardın’ natuwrı qattı-h’a’reketleri, strategiya h’a’m taktikanın’ natuwrı tan’lawı h’a’m natuwrı a’melge asırılıwı sebepli ja’ne de quramalılasıp ketedi.

Ha’r bir eski sotsalistik ma’mleketler krizisten shıg’ıw jolın turlishe, o’zine ta’n usıllar menen yag’nıy o’z sharayatların h’a’m imkaniyatlarınan kelip shıqqan h’alda joq etiw. Bunda ta’jiriybenin’ na’tiyjesinde, ayırım ma’mleketler totalitar du’zimde qa’liplesken ekonomikalıq qatnasıqların pu’tinley tamırı menen joq etiwden ibarat “shok terapiya”nın’ tezletilgen formasın maqul ko’redi. Bunday usıl ja’miyette ju’da’ awır ja’miyetlik

krizisler menen keshedi. Basqalar bolsa ekonomikalıq qatnasıqların jan'a bazar ekonomikasına basqıshpa-basqısh o'tip barıwdan ibarat evolyutsion uslubın maqul ko'rediler. Bul jolda keskin ja'miyetlik la'rzeler kemrek bolıp, salıstırmalı izshilrek. O'zbekstan a'sirese usı joldan barmaqta.

O'zbekstan Respublikası ja'miyetlik bag'darlang'an basqarıwg'a tiykarlang'an ekonomikalıq reformalardı a'melge asırmaqta. Bul maqsetti a'melge asırıw ushın bazar qatnasıqlarına o'tiwdin' o'z modeli, o'zine ta'n jolın islep shıqqan.

Bul joldın' bir bo'legi respublika basıp o'tti. Reformalardın' birinshi basqıshında (1991-1994) jan'a sistemanın' diywalın tayarlaw wazıypası sheshildi, jan'a ekonomikalıq sistemanın' h'uqıqıy tiykarları jaratıldı, xalıq ta'repinen tan'lag'an joldın' tuwrı ekenligi tu'siniw, tek bazar ekonomikasına o'tiw g'ana keleshekke ekonomikalıq h'a'm ja'miyetlik rawajlanıwdın', ja'miyetti demokratiyalastırıwdın', h'a'r bir shaxs ushın mu'na'sip jasaw sharayatların jaratıwdın' tiykarı ekenligin tu'sindiriw wazıypaları orınlandı. Adamlardın' h'a'm xojalıqlardın' jan'a sharayatlarına a'ste-aqırınlıq penen protsessti baqlaydı.

Keyingi basqıshta jeke mu'likshilik plyuralizmge tiykarlang'an ko'p uklatlı ekonomikanı qa'liplestiriw wazıypası orınlanbaqta. Bunı a'melge asırıw ushın ekonomikanı a'ste-aqırın h'a'm basqıshpa-basqısh ma'mleket qaramag'ınan shıg'arıw h'a'm menshiklestiriw, keyin bolsa islep shıg'arıw h'a'm xızmet ko'rsetiw tarawlarındag'ı ma'mleket mu'lkin aktsiyalastırıw a'melge asırıla basladı. Awıl-xojalıqlarda da ken' ko'leminde reformalar alıp barılmaqta. Bul protsess o'zine ta'n ta'replerge iye. Bizin' aymaqlarda diyxanshılıq ta'biyiy sharayatlardan kelip shıqqan h'alda suwg'arıwda maslasqan. Jer suwsız o'z sapasın jog'altadı. Sol tiykarda bul jerde ga'p tek jer h'aqqında emes, ba'lkim jer-suw mu'na'sibetleri h'aqqında baradı. Suwg'arıwda maslasqan diyxanshılıq aymaqları ekonomikası o'zine ta'n qa'siyetlerine iye bolg'anlıg'ı og'an o'z waqtında "islep shıg'arıwdın' Aziya

uslubı" atı beriliwi tiykar bolg'an. O'zine ta'n ta'repi degende jerdin' ma'mleket qaramag'ında ekenligi, suw ima'ratları da ijara mu'na'sibetleri na'zerde tutıladı. Oktyabr awdarıspag'ınan aldın Qoqan, Xiywa xanlıqları, Buxara a'mirliginde jerge jeke mu'likshiliktin' u'sh formasınan – amlok (ma'mleket), mu'lik (menshik) h'a'm vaqf (musılmanlardın' diniy sho'lkemleri mu'lki) formaları arasında amlok mu'likshiligi – suwg'arıw ima'ratlarına da iyelik qılıwshı xan h'u'kimeti mu'likdarlıg'ı diyxanlarg'a jer u'leslik sha'rti menen isletiwge berilgen.

Suwg'arılatug'ın jerlerdin' qa'siyetlerin h'a'm qa'liplseken da'stu'riy esapqa alg'an h'alda bu'gingi ku'nde de awıllarda reformalar alıp barılıp atırg'an bir waqıtta jerdi satıw h'uqıqı menen jeke mu'lik sıpatında bo'lip beriw mu'mkin. Sol sha'rtler tiykarında fermer (diyxan) xojalıqları, fermer xojalıqları kooperativleri du'zilmekte. Eger sektorda jan'a ekonomikalıq qatnasıqlarg'a tiykarlang'an kollektiv xojalıq – shirketler xojalıqtın' tiykarı bolıp qalmaqta. Eger reformalardı a'melge asırıwda awıldag'ı iske jaramlı xalıqtın' ko'pshiligi ma'selesin ol jerlerde zamango'y texnika menen ta'miynlengen kishi h'a'm orta ka'rxanalardı sho'lkemlestiriw de xızmetler ko'rsetiw tarawların ken'eyttiriw jolı menen sheshiw za'ru'r.

Reformalardın' bu'gingi basqıshında ekonomikanın' ko'p uklatlı tu'ri qa'liplesip barmaqta. Onın' jeke mu'likshiliktin' tu'rli formaları plyuralizmi - ma'mleket h'a'm ma'mleketlik emes (jeke, aktsionerlik, ja'ma'a', kooperativ mu'lki), sonday-aq awıl-xojalıg'ının' diyxan-fermer sektordag'ı ijara mu'lki ko'birek tiyisli. Sonın' menen bir qatarda ma'mleket h'a'zirge shekem sotsiallıq-ekonomikalıq a'xmiyetin jog'altpag'an h'alda turaqlılastırıw, qorg'aw h'a'm a'dalat kepili rolin oynawda dawam etpekte. Sog'an ko're ma'mleket rawajlanıwının' h'a'r bir basqıshı o'zgerip baratırg'an sharayatlarg'a tolıq juwap bere alatug'ın talap h'a'm printsiplerdi a'melde qollanıwı talap qıladı. G'a'rezsiz rawajlanıwdın' birinshi on-jıllıg'ı na'tiyjeleri tiykarında reformalardı teren'lestiriw da'stu'ri qabıl qılıng'an edi.

Onda ekonomikanı erkinlestiriwdi dawam ettiriw h’a’m teren’lestiriw, mu’likti ma’mleket qaramag’ınan shıg’arıw h’a’m menshiklestiriw, ekonomikada jeke mu’likshilik ta’sirin ku’sheyttiriw, kishi h’a’m orta biznes is bilermenlerine erkinlik h’a’m jen’illikler ko’beytiwler sıyaqlı na’zerde tutılg’an.

## §3. Ja'miyettin' sotsial turmısı. O'zbekstan ja'miyetinin' sotsial strukturasındag'ı o'zgerisler.

**Siyasiylıqtın' mazmunı.** Ja'miyettin' siyasiy tarawı (yaki a'piwayı etip aytqanda - siyasat) sotsium du'zilmesinin' tiykarg'ı bo'limlerinen biri. Ken' ma'ninde "siyasat" h'a'm "siyasiy taraw" tu'sinikleri bir-birine say keledi. Tar ma'ninde siyasat degende *adamlardın', siyasiy ku'shlerinin' h'a'kimiyatqa iyelik etiwi, onı saqlap turıw, bekkemlew h'a'm a'melge asırıwg'a qaratılg'an sanalı qattı-h'a'reketi tu'siniledi.* Ja'miyettin' h'a'r bir tiykarı belgili bir da'rejede: ma'mlekettin' puqarası sıpatında, siyasiy partiya yaki sotsiallıq-siyasiy sho'lkemnin' ag'zası sıpatında, miynet ja'ma'a'sı yaki ja'ma'a'ttın' ag'zası sıpatında siyasiy taraw menen baylanıslıdur. Jan'a da'wirge shekem filosofiyada "sotsiallıq" h'a'm "siyasiy" degen tu'sinikler derlik sinonim so'zler degen ko'z-qaraslar bar, sog'an ko're, siyasiy taraw ulıwmalıq sotsiallıq-filosofiyalıq mashqalalardan ajıralmas edi. Tek g'ana XVII-XVIII a'sirlerge kelip g'ana siyasiylıq tu'sinikti insan iskerliginin' tu'rli, salıstırmalı g'a'rezsiz predmet tarawlarınan, sol na'tiyjede a'de-ikarmlılıq, ekonomika tarawınan parıqlı o'zine ta'n qa'siyetlerge iye ekenligi belgili bola baslaydı.

Tu'rli ma'plerine iye ekenligi ja'miyetlik topar h'a'm ja'ma'a'tlardın' qa'liplesiwi h'a'm iskerlik ko'rsetiwi olar ortasındag'ı siyasiy mu'na'sibetlerdin' qa'liplesiwinde za'ru'r bir tiykarg'a aylanadı. Antik da'wirden beri "siyasiylıq" so'zine ta'riyp beriwge h'a'reket qılıp kelindi. Ma'selen, *Arastu* barlıq tarawlar ortasında siyasatqa qatan' ta'rizde birinshilikti bergen, jumladan, "eger barlıq bilim h'a'm iskusstvonın' aqırg'ı maqseti jaqsılıq bolsa, onda barlıq bilim h'a'm iskusstvo arasında en' joqarı siyasattın' maqsetidur"[1], dep bah'a bergen edi.

---

[1] Аристотель. Сочинения. Т.4. 467-б.

A'sirler dawamında Shıg'ıs h'a'm Batısta da siyasattı sotsiallıq-filosofiyalıq ta'repinen tu'siniw qa'liplesip keldi. Bunda siyasat tiykarınan ja'miyetlik protsesslerdi basqaratug'ın taraw sıpatında tu'siniledi. *Beruniy*din' aytıp o'tiwinshe, "basqarıw h'a'm jetekshilik qılıw – bul basqarılatug'ınlardın' tınıshlıg'ı dep o'z tınıshlıg'ınan waz keshiwdir…Olardın' shan'araqları, mal-mu'likleri h'a'm o'mirlerin qorg'aw ushın o'z ku'shin jog'altıwdir"[1].

Siyasattın' ma'nisin tu'siniwde *Farabiy* de o'z u'lesin qosqan. Siyasiy pa'nnin' predmeti sıpatında ol to'mendegilerdi aytıp o'tedi: a) tu'rli toparlardın' sanalı h'a'reketleri; a'detleri, normalar, ko'nlikpeleri h'a'm basqalar; b) olardın' qanday maqsetke h'a'm ne ushın jo'neltirilgenligi; v) olardın' insanda sa'wleleniwi forması h'a'm usılları; g) olardın' insannın' h'a'reketlerinde bekkemlewdi basqarıwdın' usılları h'a'm jolları[2].

Siyasattın' ma'nisine tiyisli zamanago'y filosofiyalıq qaraslardın' qa'liplesiwinde *J.Lokk, T.Gobbs, N.Makiavelli (1469-1527), Sh.Monteski, J.J.Russo, G.Gegel, A.Tokvil, L.Feyrbax, K.Popper* h'a'm usı sıyaqlı oyshıllardın' ideya h'a'm ta'liymatları za'ru'r a'h'miyetke iye. Sonın' ushın da h'a'zirgi zaman ja'miyeti siyasat tarawının' insan turmısı h'a'm ja'miyette o'z aldına h'a'm g'a'rezsiz orın iyelewin anıq tiykarlap bergen. Sonday-aq, T.Gobbstın' "Leviafan" i, J.Lokktın' "Ma'mleketti basqarıw h'aqqındag'ı eki trakt"ı, Sh.Monteskiydin' "Nızmalardın' ruwxı h'aqqında"g'ı shıg'arması, J.J.Russonın' "Ja'miyetlik bilim tuwrısında"g'ı, Gegeldin' "Huqıq filosofiyası" shıg'arması, İ.Kanttın' "Ma'n'gi du'nya tuwrısında"g'ı traktı, K.Popperdin' "Ashıq ja'miyet h'a'm onın' dushpanları" shıg'arması h'a'm basqalarının' shıg'armaların joqarı bah'alaw mu'mkin.

**Ja'miyettin' siyasiy sisteması.** Ha'zirgi zamandag'ı sotsiallıq-filosofiyalıq pikirlerge qarag'anda siyasat "ma'mleket h'a'kimiyatı h'a'm usı

[1] Беруни. Собрание сведение для познания драгаценностей. Минерология. М., 1963, 31-32-б.
[2] М.М.Хайруллаев. Философские и социологический взгляды Фараби // материалы по истории общественно-философской мысли в Узбекистане. Т., 1977, 79-80-б.

ja'miyet ishindegi ma'mleket (sol tiykarda milliy ma'mleket) du'zilmesi boyınsha u'lken ja'miyetlik toparlar ortasındag'ı, usı jumladan, xalıq aralıq maydanda ma'mleketler ortasındag'ı mu'na'sibetler"[1] tarawı sıpatında tu'sindiriledi. Ken' ma'ninde ja'miyettin' siyasiy siteması siyasiy iskerlik, siyasiy rejim, siyasiy teoriya h'a'm basqalar kiredi. Tar ma'ninde bolsa siyasiy taraw ja'miyet siyasiy sistemasının' sinonimii sıpatında tu'siniledi.

Ja'miyettin' *siyasiy siteması* sotsiumnın' tiykarg'ı bo'legi esaplanadı. Ol basqa sistemalar – ekonomikalıq, ideologiyalıq, h'uqıqıy, ma'nawiy h'a'm basqalar sistemalar menen o'z-ara baylanısta h'a'm ta'sirinde boladı.

Belgili bir ja'miyettin' *siyasiy siteması* o'zinin' ta'biyatı, ja'miyetlik qurılısı, basqarıw forması, siyasiy mu'na'sibetlerdin' tu'ri menen belgilenedi. Siyasiy sistema siyasiy institutlar, ja'miyetlik du'zilmeler, normalar h'a'm qa'diriyatlardın' jıyındısınan ibarat bolıp, siyasiy h'u'kimet arqalı a'melge asırıladı. Siyasiy sistema tu'rli siyasiy subektler iskerliginin' u'ziliksizligin, olar ortasındag'ı baylanıstı h'a'm muwapıqlastırıwların ta'miynleydi. Ol ja'miyetlik qarsılıqlar h'a'm kelispewshiliklerdi sheshiw jolların ko'rsetip, ja'miyet rawajlanıwına erisiw jolında tu'rli ja'miyetlik ku'shlerdi birlestiredi. Siyasiy sistema sotsiumnın' maqsetke erisiw atlandırıwshı h'a'm qararlardı islep shıg'ıwshı mexanizmdir.

Ja'miyet siyasiy sistemanın' tiykarı, diywalı ma'mleket. Ma'mlekettin' tiykarg'ı wazıypası h'a'kimiyat h'a'm siyasiy basqarıwdı ta'miynlew. Ma'mlekettin' tiykarg'ı belgileri sıpatında to'mendegilerdi ko'rsetiw mu'mkin: a) basqa sotsiumlar u'stinen a'shkara h'u'kimiranlıq; b) suverenitet – belgili aymaqlardag'ı tolıq h'u'kimiranlıq; v) h'u'kimiranlıq wa'killikleri a'mel qılatug'ın aymaqtın' o'zi (onnan ma'mleketti ma'mleket dep tusiniw kelip shıg'adı); g) h'uqıqıy h'u'jjetlerdi baspadan shıg'arıw h'a'm olardın' orınlanıwın talap etiwge bolg'an pu'tkilley h'uqıq; d) salıqlar h'a'm

[1] С.Э.Крапивенский. Социальная философия. М., 1992. 191-б.

jıynawlar o'ndiriw h'uqıqı (ma'mleket apparatın ta'miynlew h'a'm basqalar ushın) [1].

Ha'zirgi waqıtta ko'p zamango'y ma'mleketler h'a'kimiyattı bo'liw tiykarında qurılg'an. Ha'kimiyattın' u'sh tarmag'ı – nızam shıg'arıwshı, orınlawshı h'a'm sud h'a'kimiyatı bir-birlerine kesent etpey, bir-birlerinin' islerine aralaspay o'z wazıypaların orınlaydı. Ja'miyet siyasiy sistemanın' basqa elementleri – siyasiy partiyalar, sotsiallıq-siyasiy sho'lkemler h'a'm h'a'reketler *baylanıssız siyasiy institutlar* dep ataladı[2]. Siyasiy rejimlerdin' demokratiyalılıg'ı asıw menen olardın' a'h'miyeti de asıp baradı. "Siyasiy basqarıw" h'a'm "ja'miyetlik basqarıw" tu'sinikleri bir-birine uqsas tusiniklerdir, biraq usı emes. Birinshisi ma'mleket basqarıw menen baylanıslı, ekinshisi bolsa, ulıwma ja'miyetti basqarıwdı an'latadı. Ma'mleket h'a'm h'a'kimiyat bir-biri menen birlesip, ajıralmas bolıp ketken totolitar h'a'm avtoritar rejim sharayatları da'wirinde bul eki tu'sinik bir qıylı ma'nisti an'latıwı mu'mkin h'a'm olar ortasındag'ı birdeylikti an'law qıyın.

Demokratiyalıq rawajlanıw sharayatında *puxaralıq ja'miyeti*, yag'nıy sotsiumnın' ma'mleket ta'repinen tuwrıdan-tuwrı h'a'm tikkeley basqarılmaytug'ın bo'legi: ka'siplik h'a'm do'retiwshilik birlespeler, siyasiy emes ja'ma'a't sho'lkemleri (jaslar, h'ayallar, nuraniyler sho'lkemleri, ekologik h'a'm qayır-saqawat sho'lkemleri h'a'm basqalar), tu'rli qızıg'ıwlar boyınsha du'zilgen ja'miyetler h'a'm klublar, shirkew, xalıq h'a'reketi h'a'm tag'ı basqalar za'ru'r orın iyeleydi. Huqıqıy ma'mleket h'a'm puxaralıq ja'miyeti – bir-birine qarsı turıwshı antitezalar emes, ba'lkim demokratiya sharayatında ja'miyettin' siyasiy sistemasının' o'z-ara baylanıslı h'a'm o'z-ara bir-birin toltırıwshı bo'lkeler.

**G'a'rezsizlik sharayatında O'zbekstanda demokratiyalıq h'a'm jan'a siyasiy sistemag'a rawajlanıwdın' o'zine ta'n qa'siyetleri.** Ken'

[1] Қаранг: Н.Ф.Бучило, А.Н.Чумаков. Философия. М., 1998, 200-201-б.
[2] Р.З.Жумаев. Политическая система Республики Узбекистан: становление и развитие. Т., 1996, 101-б.

qabıl etilgen pikirlerge qarag'anda, bu'gingi ku'ngi demokratiya ja'miyet sotsiallıq-siyasiy du'zilisinin' en' joqarı h'a'm en' jaqsı forması. Tariyxıy ta'jiriybe h'a'm ilmiy teoriyalar demokratiyalıq ja'miyettin' tiykarg'ı ulıwmalıq printsiplerin ta'riyplep bergenler: erkin pikir bildiriw, kemshiliktin' ko'pshilikke boysınıwı, barlıq puxaralardın' deklaratsiya qılıng'an ten' h'uqıqlılıg'ı, olardın' ja'miyet h'a'm ma'mleketti basqarıwdag'ı ten' h'uqıqlıg'ı. Tiykarg'ı ma'mleket organlarının' saylanıw, olardın' saylawshılar aldında esap beriwi, tayınlaw jolı menen qa'liplesken ma'mleket organlarının' saylaw orınları aldında esap beriwi h'a'm basqalar da tiykarg'ı printsiplerden esaplanadı. Biraq ko'rsetip o'tilgen printsiplerdin' a'melge asıwı ushın h'a'r bir belgili bir ma'mlekettin' tsivilizatsiyası, aymaqlıq, milliy qa'siyetlerge h'a'm belgili jag'dayg'a baylanıslı boladı.

Ha'zirge shekem ken' tarqalg'an pikirler bar, olarg'a tiykarınan demokratiya pu'tkilley Batıstan u'rip-a'detlerine tiykarlang'an. Shıg'ıs ja'miyetinin' demokratiyalastırıw bolsa, Batıs demokratiyalıq qa'diriyatların jan'a zaminge ko'shiriw demekdir, degen pikirler de bar. Biraq bunday aytılg'an obektiv tiykarg'a iye bolmag'an, tariyxıy-siyasiy protsesslerge evropotsentrik qaraslardan basqa na'rse emes. Ha'zirgi zaman h'ind filosoflarınan *Daya Krishna* 1995-jılda Gonoluluda o'tkerilgen filosoflardın' VII konferentsiyasında o'zinin' "Demokratiya h'a'm a'dalatlıq: batıslıq emes ko'z-qarastan filosofiyalıq tu'rleri" temasındag'ı lektsiyasında bılay deydi: "Eger demokratiyanı ma'nsaptı ayaq astı qılıw h'a'm zorawanlıqqa qarsı instituttsiyaviy h'a'm protsessual tayanıshın jaratıw dep tu'sinilse, onda a'yyemgi da'wirden h'a'zirge shekem ol Shıg'ıs h'a'm Batıs siyasatshılar pikirin bir tu'rde ba'nt etip kelgen. Tek g'ana ol yaki bul ma'deniyattın' qa'diriyatı bolg'an demokratiyag'a erisiwdin' "strategiyası" (jolı) h'a'r tu'rli bolg'an"[1]. Ma'selen, h'ind gandizmi doktrinasına ko're demokratiyalıq ruwx tısqarıdan alıp kirilmeydi, ishki sharayattan kelip shıg'ıwı kerek.

[1] Справедливость и демократия в качестве диалога культур // Вопросы философии. 1996, №3

Demokratiya “h’a’kimiyattın’ a’dep-ikramlılıq avtoritetinde” bar boladı. Erkinlik penen ja’miyetlik wazıypanın’ en’ jaqsı uyg’ınlıg’ı o’z-o’zin basqarıw (svaraj) h’a’m zorawanlıq qılmaslıq jolı menen a’melge asırıladı. Yaki bolmasa, qıtaysha demokratiya modellerinen biri konfutsiylikte demokratiyanı basqarıwshı, h’a’kimiyat basında turıwshı shaxslardı qa’liplestiriwge u’lken a’h’miyet beriledi. Xalıq tuwrıdan-tuwrı basqarıwg’a qa’dir bolmag’anlıg’ı ushın h’a’kimiyattı o’z wa’killerine, elitag’a, liderlerge (ideal shaxsqa) tapsıradı. Usı jetekshi shaxslardın’ tiykarg’ı qa’siyetlerin joqarı a’dep-ikramlılıq sıpatlarındadir.

Ha’zirgi zamango’y ma’mleketlerdin’ tek teoriyasında emes, ba’lkim a’meliyatında da Shıg’ıs demokratiyanın’ qa’siyetlerin ko’remiz. Ma’selen, Yaponiya h’a’m Turkiyada demokratik rejim ornatılg’anlıg’ı tuwrısında so’z aytılar eken, olardın’ ekonomikalıq h’a’m basqa jetiskenliklerinde orta a’sirlerden berli saqlanıp kiyatırg’an qattı ierarxal du’zilmeler barlıg’ın ko’riw mu’mkin.

O’zbekstanda demokratiyalıq h’uqıqıy ma’mleketti qa’liplestiriwde batısqa ta’n demokratiyalıq qa’diriyatların usınıw sonnı itibarg’a alınadı, bir tu’rleri, ma’selen adamlardı siyasatqa h’a’dden tıs aralasıwı h’a’m individualizm tuwrı kelmeydi: basqaların qabıl qılıw ushın bolsa ele sharayat h’a’m xalıqtın’ sanası jeterli qa’liplespegen; u’shinshileri bolsa jetiskenligi turmısqa usınılmaqta. Bunda shıg’ıslıq ruwx, milliy mentalitet h’a’m ma’mlekettegi belgili bir tariyxıy jag’day esapqa alınadı.

Ulıwma aytqanda, jan’a sistemanın’ qa’liplesiwinde tek eski sotsialistik ma’kan tamam bolg’annan son’ payda bolg’an g’a’rezsiz ma’mleketlerde ju’z berip atırg’an ulıwmalıq protsesslerdi esapqa alıw, ba’lkim tek O’zbekstan ushın ta’n bolg’an qa’siyetlerge a’h’miyet beriw kerek. Bul qa’siyetlerdi u’sh tu’rli da’rejede bolg’anlıg’ın basqıshqa ajıratıw mu’mkin: *tsivilizatsiya, aymaqlıq h’a’m milliy*. Birinshisinde Shıg’ıs tsivilizatsiyasının’ qa’siyetleri, Shıg’ıs ma’deniyatı, Batıs demokratiyasınan parıqlı bolg’an Shıg’ıs

demokratiyası na'zerde tutıladı. Bul, ma'selen ja'miyetlik o'zgerislerdi a'melge asırıwda, sol tiykarda, siyasiy tarawda da "jan'a formag'a o'tiwde ten' salmaqlılıqtı saqlap, asıqpastan, a'ste-aqırınlıq penen alıp barıwda sa'wleleniwi.

Aymaqlıq qa'siyetlerge kelsek, olarg'a Oraylıq Aziyag'a ta'n bolg'an paternalizm menen baylanıslı bolıp, ol bolsa h'a'kimiyatqa h'u'rmet, nızamlarg'a boysınıw h'a'm basqalardan ibarat. O'zbekstan Respublikasında o'tiw da'wirinde, ku'shli h'a'kimiyat ornatıw sonın' menen de baylanıslı. Bul ma'selen, h'a'kimlerdi orınlarında orınlawshı h'a'm nızam shıg'arıwshı h'a'kimiyattı birlestiriwshi h'a'kimler institutının' tikleniwinde sa'wlelenedi. Tariyxımız, da'stu'rleri h'a'm u'rip-a'detlerimiz milliy o'zine ta'nlik te bar. Bug'an ma'h'a'llelerge o'zin-o'zi basqarıw h'uqıqı beriliwi, ma'h'a'llenin' ma'mleket sistemasının' elementi ekenligi, og'an ma'mleket atag'ı beriliwi, onın' o'z aymag'ında ta'rtip h'a'm intizam ornatıw, xojalıq h'a'm materiallıq ma'selelerdi o'zi sheshiw h'a'm ja'ne, ma'selen, kem ta'miynlengen h'a'm ko'p balalı shan'araqlarg'a sotsiallıq ja'rdem beriw de kiredi. Belgili bir sharayatlar esapqa alınatug'ın bolsa, a'sirese, ishki siyasat – reformalar ushın sharayatlardın' jetilgen-jetilmegenligi, xalıqtın' turmıs da'rejesi to'menligi, sırtqı siyasatta shegaralas ma'mleketlerdegi jag'day (ma'selen, Avganstan) sol tiykarda. Sol mu'na'sibet penen g'a'rezsizlikke eriskennen son' O'zbekstanda siyasiy sistemanın' variantı qabıl qılındı, bug'an tiykarınan demokratiyalıq institutlar – parlament, ko'ppartiyaviylıq tiykarında qa'liplesken sistemalar – prezidentlik vertikaldın' basqa barlıq siyasiy institutlarınan u'stinligi menen ten' bolıp esaplanadı.

A'lbette, o'zine ta'nlik ko'rinip turıptı, biraq ga'p tek g'ana olarda emes. Demokratiyalastırıw protsessi ele tamamlang'anı joq, ol qa'liplesiwde dawam etip atır. Bir qansha mashqalalar, kemshilik h'a'm jetispewshilikler, a'sirese, a'meliy erkin oppozitsiyanın' qa'liplesiwindegi g'alabalıq xabar

qurallarının’ “to’rtinshi h’a’kimiyat”qa aylanıwında qıyınshılıqlar h’a’m basqalar a’ne usı obektiv h’a’m subektiv faktorlar menen tu’sindiriledi”.

Ulıwmalastırıp aytqanda, g’a’rezsizlik jıllarında tiykarınan milliy ma’mleketshiliktin’ tiykarg’ı belgileri, jan’a siyasiy sistema - ma’mlekettin’ h’uqıqıy tiykarları qa’liplesedi; O’zbekstan Respublikasının’ demokratiyanın’ barlıq talaplarına juwap beriwshi Konstitutsiya qabıl etildi; ko’ppartiviylıq tiykarda parlament – Joqarg’ı Ken’es saylandı, h’a’kimiyattın’ bo’liniwi konstitutsiyalıq printsip a’melge asırıldı; h’a’kimiyattın’ orınlawshı h’a’m sud tarmaqları qa’liplestirildi. Demokratiyalıq u’lgilerdi teren’lestiriw h’a’m ma’mleket basqarıwda da ja’miyet qurılıwında qollaw maqsetinde 2002-jıldın’ yanvar ayında o’tkerilgen referendum h’a’m Joqarg’ı Ken’estin’ XI sessiyasında qabıl etilgen konstitutsiyalıq nızamlar tiykarında Joqarg’ı Ken’estin’ atag’ı h’a’m wa’killikleri, Prezidenttin’ de Ministrler Kabinetinin’ wa’killiklerine h’a’m saylaw sistemasına o’zgerisler kirgizildi. Bir palatalı Joqarg’ı Ken’es ornına eki palatalı parlament – joqarı palata – Senat (o’z quramına aymaqlardag’ı subektlerden – Ken’eslerden saylang’an deputatlardı birlestiriwshi wa’killik organı)nan h’a’m partiya dizimleri boyınsha da o’z namzadın o’zi alg’a su’riw jolı menen saylanatug’ın Nızamshılıq palatasınan ibarat. Prezident wa’killiklerinin’ bir bo’legi, birinshi na’wbette ma’mleket sud sistemaları h’a’m arnawlı xızmetlerge baylanıslı, sonday-aq, sırtqı diplomatik wa’killerin tan’law h’a’m tastıyıqlaw wa’killikleri de Senatqa tapsırıldı. To’mengi Nızamshılıq palatasının’ iskerligi sessiya aralıg’ında iskerlik ko’rsetiw ta’rtibinen ku’ndelikli tiykarda islewge o’tkeriledi. Bul h’a’m basqa o’zgerisler ja’ne de ma’n’gi demokratiyalıq ja’miyetti qa’liplestiriwge h’a’m h’a’kimiyat sistemasının’ ja’ne de ma’n’gi turaqlılasıwg’a, ma’mleketti basqarıwı h’a’m ja’miyet qurılıwındag’ı demokratiyalıq reformalardı o’tkeriwdi ja’ne de teren’lestiriwdi talap etedi. O’zbekstan puxaralıq ja’miyeti qurıwdı maqset etip qoyg’an, keleshekte ma’mleketti basqarıwdag’ı

ko'p wazıypalar xalıqtın' o'zine o'tkeriledi, tek ishki h'a'm sırtqı siyasat, ulıwma milliy strategik wazıypaların islep shıg'ıw h'a'm a'melge asırıw bularg'a kirmeydi.

**Sotsiallıqtın' mazmunı.** Etimologik ko'z-qarastan "sotsiallıq" degen so'z "ja'miyet" ataması menen sinonim. Ol ken' ma'ninde "ja'miyettin' sotsiallıq tarawı"n belgileydi. Sol ta'repten ja'miyettin' de tarawları – ekonomikalıq, siyasiy, ma'nawiy tarawları sotsiallıq tarawlar delinedi. Biraq sonın' menen birge ja'miyettin' o'z aldına *sotsiallıq tarawı* bolıp, *ol h'a'r tu'rli ja'miyetlik toparlar, tu'rli da'rejede uyımlasqan elatlar* (ja'miyetlik qatlam, strategiya, etnoslar, ja'miyetlik demografik toparlar, o'z aldına ja'ma'a'lar h'a'm basqalar) arasındag'ı mu'na'sibetlerdi sa'wlelendiredi. Ja'miyetlik mu'na'sibtelerdin' qa'siyetleri sonda, olar ja'miyettin' barlıq tarawlarına kirip barg'an. Olardı tek ekonomikalıq, siyasiy yamasa ma'nawiy mu'na'sibetler, dep ajıratıw mu'mkin emes.

Sonı aytıw mu'mkin, sotsiallıq tarawdın' tiykarın individtın' ja'miyetlik bolıwın payda etedi, yag'nıy bug'an normalar, qa'diriyatlar, u'lgili minez-qulqı ko'rsetpelerin orınlaw kiredi. Eger ekonomikalıq h'a'm ma'nawiy tarawlarda individ materiallıq baylıqların islep shıg'arıwshı h'a'm za'ru'rliklerin ta'miynlewshi bolsa, siyasiy tarawda siyasattın' obekti h'a'm subekti bolsa, sotsiallıq tarawda bolsa sotsiallıq individler, yag'nıy ol sotsiumnın' (ja'miyettin') ag'zasıdir. İndivid sotsiumg'a tu'rli topar h'a'm birlespeler arqalı ag'za bolg'anı ushın tu'rli topar h'a'm birlespelerdin' iskerligi sotsiallıq tarawdın' tiykarg'ı mazmunın payda etedi. Ja'miyetlik birlespeler h'a'm toparlar ja'miyettin' sotsiallıq du'zilisi (strukturasın) payda etedi.

**Ja'miyettin' sotsiallıq strukturası.** Sotsiallıq struktura o'z tabiyatına ko're obektiv qa'siyetke iye bolıp, ol nızam shıg'arıwshının' qararları boyınsha sho'lkemlestiriw biykar etiliwi mu'mkin emes. Ja'miyettin'

sotsiallıq strukturası ondag'ı toparlardın' o'z-ara baylanıslılıg'ı h'a'm o'z-ara ta'sirin de o'z ishine aladı.

Ja'miyet strukturasının' to'mendegi tu'rlerin ajıratıw mu'mkin: demografik, etnik, ja'miyetlik-klaslıq, jaylasıwına ko're aymaqlıq, ka'siplik-ag'artıwshılıq, konfessional du'zilis h'a'm basqalar.

Ha'r bir individ jaslıg'ı yaki qarılıg'ı, qalalıq yaki awıldan ekenligi, qaysı etnos, konfessiya wa'kili, klass, ka'sip h'a'm basqa qa'siyetleri boyınsha h'a'r tu'rli sistemag'a kiredi. Ja'miyettin' demografiyalıq strukturasında xalıqtın' quramın jınısı, jası, miynetke jaramlılıg'ı, migratsiyanın' xarakteri, den sawlıg'ının' jag'dayı sa'wlelenedi. Ko'plep oyshıllar a'sirler dawamında ja'miyettin' demografiyalıq jag'dayına o'z itibarların qaratqanlar. Olardın' tanıqlılarınan biri T.Maltus teoriyası bolıp, ol XVIII a'sir aqırı XIX a'sir baslarında "xalıq o'siwinin' ma'n'gi nızam"ın tiykarlap beriwge h'a'reket qıldı. Bul nızamnın' ma'nisi mınadan ibarat, "barlıq iri janzatlar sıyaqlı da o'z quramındag'ı azıq-awqatqa salıstırmalı tez ko'beyiwge talpınadı". Maltus xalıqtın' jasaw ushın kerek bolg'an quralları arifmetikalıq (1, 2, 3, 4, 5…), xalıqtın' o'zi bolsa geometriyalıq (1, 2, 3, 4, 8, 16…) progressiya boyınsha ko'beyiwdi esaplap shıqtı. Jergilikli xalıqtın' ulıwma sanı h'a'm tıg'ızlıg'ına salıstırmalı onsha joqarı bolmag'an da'wirlerde Maltus teoriyasına onsha a'h'miyet berilmedi. Aziya, Afrika h'a'm Latın Amerikasında demografiyalıq krizis xalıqtın' ko'beyip ketiwi menen baylanıslılıg'ı Maltus teoriyasına itibar qaratıw kerekligin talap etedi.

Poleetnik (ko'pmilletli) h'a'm polikonfessiyalıq ja'miyet ushın etnik h'a'm konfessiyalıq struktura a'h'miyetli. Birinshi jag'dayda ja'miyetlik birlik, yag'nıy qa'wim, millet, xalıq (ulıwma - etnos) tuwrısındag'ı ga'p bolsa, ekinshisi bolsa konfessiyalıq (diniy) birlespeler u'stinde ga'p boladı. Eger ja'miyettin' etnik sistemasında etnik birliklerdin' rawajlang'an forması – milletler bar bolsa, ol ko'pmilletli boladı. Evropa, Amerika h'a'm Aziyadag'ı ko'plep ma'mleketler solar tiykarına kiredi. Eger etnik

strukturasında qa'wimler bolsa, onday ja'miyet polietnik boladı. Afrika, Okeaniya h'a'm Aziyanın' qatar ma'mleketlerdegi ja'miyetler sol tiykarda.

Ja'miyettin' ja'miyetlik-klaslıq strukturasına kelsek, ol klasslar, qatlamlar, taypalar, stratlardan ibarat. Klaslar degende adamlardın' u'lken toparları tu'siniledi, olar to'mendegi sıpatları menen parıq qıladı: a) ja'miyetlik baylıqtag'ı u'lesi menen; b) islep shıg'arıw qurallarına mu'na'sibeti; v) miynet bo'listiriw sistemasındag'ı roli; g) payda alıw usılı; d) ja'miyetlik baylıg'ındag'ı u'lesi menen. Biraq bir qatar toparlar da bar, olar klaslarg'a ta'n qa'siyetlerge iye emes (ziyalılar, byurokartiya, lyumpenler h'a'm basqalar), sog'an qaramay olar ba'ri bir ja'miyetlik strukturanın' elementi esaplanadı.

Ha'zirgi zaman ja'miyet filosofiyasında ja'miyetlik strukturanı u'yreniwde stratifikatsiyalıq jandasıw payda boladı. Onın' tiykar salıwshılarınan biri P.A.Sorokinnin' jazıwınsha: "Sotsiallıq stratifikatsiya – bul iearxiya da'rejesine qarap differentsiya qılıng'an adamlar (xalıq)tın' bir toparı". Onın' tiykarı h'a'm mazmunı h'uqıq h'a'm jen'illikler, juwapkerlik h'a'm wazıypalardın' ten' emes bo'listirgenligi, ja'miyetlik qa'diriyatlardın' payda bolg'anlıg'ı yaki joqlıg'ı bul da ja'miyetke kiriwshi toparlardın' h'a'kimiyat h'a'm ag'zalar ortasındag'ı ta'siri bar-joqlıg'ınan ibarat. "Start" h'a'm "klass" tu'sinikleri bir-birine jaqın bolsa da bir-birlerinen parıq qıladı. "Start" tu'sinigi o'zine ken' shen'berdegi h'a'diyselerdi ja'mlestirip, "klass" tu'sinigine salıstırmalı maslasıwı.

*Aymaqlıq-jasaw sturkturası* "adamlardın' jasaw aymaqlarına, bir yamasa tu'rli jerlerge tiyisliligi menen baylanıslı jag'daydag'ı o'z-ara qatnasıqların"[1] sa'wlelendiredi. Strukturanın' bul tu'ri tariyxta anıq, eger, awıl ja'miyeti o'zinen qalalardı ajıratıp shıg'arg'an da'wirde payda bolg'an. Bul tiykarınan shınıg'ıwlardın' jan'a tu'rleri: o'nermentshilik, is-bilermenlik, keyinshelli – intellektual miynet payda bolg'an da'wirde tuwrı keledi. Qalalar tek sawda -

[1] П.А.Сорокин. Человек. Цивилизация. Общество. М., 1992. 302-б.

o’nermentshilik emes, qorg’anıw, admenistrativlik-siyasiy, ma’deniy oraylar sıpatında da payda boldı. Sonı aytıp o’tiw kerek, XX a’sirge shekem qala menen awıl ortasında xalıqtın’ jumıs penen ta’miynlengenligi, bos waqtının’ ko’lemi, dem alıw jag’dayı, bilim da’rejesi, migratsiyanın’ xarakteri, mikrosharayattı tan’lawdag’ı erkinlik, ja’miyetlik iskerlik, shan’araq turmısının’ xarakteri h’a’m basqalar boyınsha birdeylikler u’stinliklerge iye (a’sirese, ekologik).

Ha’zirgi zaman ja’miyeti ushın *ka’siplik-ideologiyalıq struktura*nın’ a’h’miyeti joqarı. Sotsium qanshelli da’rejede rawajlang’an bolsa, bul struktura sonshelli quramalı h’a’m ko’p tarmaqlı boladı. Bul sistema ja’miyetlik miynettin’ sharwashılıq h’a’m diyxanshılıq, o’nermentshilik h’a’m is-bilermenlik, awıl-xojalıg’ı, aqılıy h’a’m fizikalıq miynet bo’lingennen keyin payda boldı. Bazı bir ka’sip-o’nerler waqıt o’tiwi menen go’nergen, kerek bolmay qaladı h’a’m olardın’ ornına olardan da ko’birek ka’sipler payda boladı. Ma’selen, tek bir g’ana XX a’sir dawamında barlıq izbasarlar joq bolıp, ushıwshı h’a’m kosmonavtlar payda boldı. U’y shveytsarları joq bolıp, ko’p sanlı “sekyuriti”ler payda boldı. Ko’p sanlı ko’shirip jazıwshılar ornına kompyuterlerde islewshi xatkerler payda boldı. Ha’zirgi zaman ja’miyetin joqarı da’rejeli ta’limsiz ko’z aldımızg’a keltiriw qıyın. Sonın’ ushın da u’ziliksiz h’a’m ta’lim-ta’rbiya sisteması zaman talapları tiykarında rawajlandırıw O’zbekstan rawajlanıwının’ tiykarg’ı u’stinliklerinen biri esaplanadı.

**O’zbekstan ja’miyetinin’ ja’miyetilk du’zilisindegi o’zgerisler.** Reformalar da’wirinde ekonomikalıq bazada ju’z bergen o’zgerisler ja’miyettin’ strukturasına da o’z ta’sirin ko’rsetedi. Patshashılıq da’wirinde ja’miyette eki kalss bar edi: ekonomikalıq tiykarı ma’mleket mu’lki bolg’an izbasarları klası; kolxoz – kooperativ mu’likke tayanatug’ın kolxozshı-diyxanlar klası h’a’m ja’miyetlik qatlam bolg’an – ziyalılar. Bunday bo’liniwdin’ birden-bir miyzanı – mu’likke bolg’an mu’na’sibet edi.

Tiykarg'ı jetekshi ku'sh – jumısshılar kalsı esaplanıp, onın' wazıypası pu'tkil du'nyada kommunistlik ja'miyet qurıw edi. Ma'mlekette teren' reformalar a'melge asırılıp atırg'an h'a'm ja'miyetlik taypalarg'a bo'liniw protsessleri bolıp atırg'an h'a'zirgi da'wirde bunday jandasıwdı qabıl etip bolmaydı. Metodologik ko'z-qarastan pu'tkil du'nyada ta'n alıng'an sotsiallıq stratifikatsiya teoriyasın qollaw tuwrı boladı. Bul teoriyag'a tiykarınan ja'miyette tek mu'likke emes mu'na'sibetine ko're, ba'lkim basqa tu'rli ko'rsetkishlerge tiykarınan parıq qılatug'ın tu'rli sotsiallıq qatlamlardı ajıratıp ko'rsetiw mu'mkin. Haqıyqattan da jumısshılar klası ishinde taypalarg'a bo'liniw protsessi ketip atır - ma'selen, ma'mleket ka'rxanalarındag'ı jumısshılar qatar ko'rsetkishler boyınsha, sol tiykarda, is h'aqına ko're, jeke ka'rxanalardag'ı jumısshılardan parıq qıladı. Aktsionerlik ka'rxanalar payda bolıwı menen jumısshılarda mu'liktin' joqlıg'ı menen baylanıslı tiykarg'ı qaladı. Jumısshı endi ka'rxananın' aktsiyalarına iye bolıwı h'a'm usı ka'rxana yaki bir basqa mu'likke birgelikte iyelik etiw mu'mkin.

Qa'niygelerdin' da'rejesi boyınsha da taypalarg'a bo'liniw protsessleri ju'z bermekte. Fizikalıq miynet penen shug'ıllanıwshı jumısshılar jan'a texnika h'a'm texnologiya menen islewshi jumısshılardan parıq qıladı. Fizikalıq jumıslardı aqılıy is penen birge alıp barıwshı "zangori ëqalilar" dep atalıwshı qatlam da payda boldı. İslep shıg'arıwdın' zamango'ylesiwi na'tiyjesinde aqılıy miynet penen shug'ıllanıwshı "oq ëqalilar" dep atalıwshı injener-texnik jumısshılar, basqarıwshılardın' da sanı barg'an sayın asıp barmaqta. İndustrial miynet ko'rsetkishleri boyınsha da jumısshılar qatlamlarg'a ajıralmaqta. Eger sektorda da tap sonday protsess ju'z bermekte. Ha'zirgi fermer (diyxan) atag'ı materiallıq paydası boyınsha kolxozshıdan parıq qıladı. Awıllardag'ı kishkene ka'rxanalarda islewshi jumısshılar qala jumısshılarınan parıq qıladı h'a'm basqalar. Ha'zirgi da'wirdin' tiykarg'ı qa'siyetlerinen biri, islep shıg'arıw tarawında da, xızmetler ko'rsetiw

tarawında da jeke mu'likke iye bolg'anlar bolsa, o'z-aldına orın iyeleydi. Bular ele kishkene qatlam bolsa da, bazar ekonomikası qatnasıqları sho'lkemlesiwi sharayatında olar u'lken keleshekke iye. Olar tek islep shıg'arıw tarawında, ba'lkim siyasiy tarawg'a da, ma'deniyatın rawajlandırwg'a da o'z u'leslerin qosıwları kerek. Usı qatlam jan'a mu'na'sibetlerdin' qa'liplesiwi tiykarında "orta klas"qa aylanıwshı, qa'liplesip kiyatırg'an orta qatlamnın' negizi boladı. "Orta qatlamlardın' bah'ası sonda, olar mexanik ta'rizde ma'mleket ja'rdeminde yaki krizislik ta'dbirler (to'mendegi klasqa ta'n bolg'an) arqalı bayıp ketiw mu'mkin emesligi an'lap jetediler. Olardın' ma'nawiy ko'z-qaraslarının' tiykarı: ekonomikalıq pa'rawanlıq organikalıq ra'wishte miynet su'ygish, ku'sh-g'ayrat, is-bilermenlik h'a'm ag'artıwshılıq baylanıslı", - dep uqtıradı. S.L.Frank[1]. Tek orta klass g'ana puxaralıq ja'miyettin' tiykarın sho'lkemlestirip, h'a'zirgi zaman rawajlang'an ma'mleketlerinde siyasiy turaqlılı saqlap turadı. Bizin' ma'mleketimizde qa'liplesken ja'miyet te tap sonday bolıwı kerek.

Jan'a ja'miyettin' qa'liplesiwi protsessinde h'a'm og'an joldas "o'tiw krizisi" waqtında adamlardın' mu'liklik taypalarg'a bo'liniwi teren'lesedi. Bir ta'repten, baylar "jan'a o'zbek"ler payda boladı, basqa ta'repten bolsa adamlardın' ko'pshilik bo'legi jasaw da'rejesi pa'seydi. Baylar h'a'm ka'mbag'allar ortasındag'ı jasaw tarizinin' parqı ja'miyette narazılıqlar ju'zege keltiredi. Bunın' aldın alıw ushın *ku'shli ja'miyetlik siyasat* alıp barıwg'a tuwrı keledi. Bunday ja'miyetlik siyasattın' mazmunı bo'listiriw, ten'lestiriw jolı menen barıwdan ibarat emes. Ja'miyetlik siyasat mazmunına tiykarınan, birinshiden, miynet iskerligi menen shug'ıllanıwshılar ushın o'zlerin h'a'm shan'araqların bag'ıwı, o'rnek ko'rsetiw, is-bilermenlik, bilimlerin qollaw h'a'm basqalar ushın bir tu'rli sharayatlardı jaratıw za'ru'r; ekinshiden bolsa, miynet h'aqı belgilep qoyılg'an adamlarg'a, yag'nıy

[1] С.Л.Франк. По ту сторону "правого" и "левого" // Новый мир, 1990. №4, 222-б.

byudjet tarawında islewshilerge, inflyatsiya da'rejesine qarap h'aq to'lew kerek boladı. U'shinshiden, pensionerler, oqıwshı (talaba) lar, jumıssızlardı ja'miyetlik qorg'aw za'ru'r h'a'm aqır-aqıbette ko'p balalı h'a'm kem ta'miynlengen shan'araqlarg'a materiallıq ja'rdem beriw.

**Ma'mleket suverenitetinin' obektiv sha'rtleri h'a'm subektiv faktorları.** O'zbekstan G'a'rezsizligi ja'riya qılıng'an waqıttan baslap onın' rawajlanıwında jan'a basqısh baslandı. Haqıyqıy, real ma'mleket suverenitetinin' obektiv (ishki h'a'm sırtqı) sharayatları h'a'm subektiv faktorları ju'zege keledi. Aytıp o'tiw lazım, pu'tkil potsotsialistik ma'kanda bolg'an sıyaqlı O'zbekstanda da jan'a ma'mleketshiliktin' qarar tabıwı h'a'm rawajlanıwı ja'miyettegi teren' ja'miyetlik o'zgerislerdin' ju'z beriwi, patshalıq da'wirindegi bir sotsiallıq sistemadan basqasına, yag'nıy h'a'zirgi zamanda du'nyanın' ko'pshilik ma'mleketleri rawajlanıwının' tiykarın sho'lkemlestiriwshi bazar ekonomikasına o'tiw menen say keledi. Respublikada bul protsesske basshılıq etiwshi siyasiy ku'shler qa'liplesedi, jan'a milliy elita ju'zege keledi. Ma'mlekettin' siyasiy basshılıg'ı ja'miyet aldında turg'an jaqın h'a'm keleshektegi maqsetlerin anıq belgilep beredi. "Baslı maqsetimiz sotsiallıq bag'darlang'an turaqlı bazar ekonomikasına, ashıq sırtqı siyasatqa iye bolg'an ku'shli demokratiyalıq, h'uqıqıy ma'mleketti h'a'm puxaralıq ja'miyetti du'ziwden ibarat"[1], - dep ko'rsetiledi. Du'nyada sol sıyaqlı ma'selelerdi sheshiwdi bay ta'jiriybesi toplang'an. Bul jerde ga'p O'zbekstan xalqının' milliy o'zine ta'nligi, tariyxıy tamırları, turmıs uklatı, u'rip-a'detleri, mentaliteti sıyaqlı ko'plep spetsifik faktorlardı esapqa alg'an h'alda du'nyada toplang'an unamlı ta'jiriybeden paydalanıw h'aqqında barmaqta.

En' a'weli, respublika qolay geosiyasat sharayatqa iye. Ol Evraziya o'z-ara kesilisken jolları kesilispesinde jaylasqan bolıp, o'zinin' g'arezsiz

---

[1] И.А.Каримов.Ўзбекистон иқтисодий ислоҳатларни чуқурлаштириш йўлида // Ўзбекистон: буюк келажак сари. Т.1998.179-б.

energetik h'a'm suw sisteması menen Oraylıq Aziya aymag'ının' orayın quraydı. Bul jerde agrar sektor rawajlanıwı h'a'm du'nya bazarında, qımbat bah'a awıl-xojalıg'ı o'nimlerin, a'sirese, paxta jetistiriw ushın qolay ta'biyiy-klimatlıq sharayatlar bar. Sol menen birge aymaq ekonomikası tuwrıdan-tuwrı ta'biyiy faktorlardag'ı o'zgerislerge baylanıslı bolıp, onda jasalma suwg'arıw h'a'm irrigattsiya sistemaları da suw resursları h'a'm o'nimdar jerlerdin' kemligi o'z-aldına a'h'miyet talap etedi.

Demografiyalıq jag'daydın' o'zine ta'nligi – xalıqtın'-jıllıq ta'biyiy o'siwi a'dewir joqarı (ortasha 2,5%), shan'araqtın' quramı – ortasha 5,5 adamnan ibarat, balalar xalıqtın' 43% tin quraydı, 60% xalıq awıl aymaqlarında jasaydı, xalıq migratsiyası pa's h'a'm tag'ı basqa. Xalıq milliy quramının' o'zine ta'nligi – 70% ke jaqın o'zbekler, qalg'anları - o'z ma'deniyatı h'a'm u'rip-a'detlerge iye bolg'an 100 den artıq millet h'a'm elatlardın' wa'killeri esaplanadı.

Bul jerde shan'araq ma'plerinin' u'stinligi, turmıs iskerliginin' ja'ma'a'tshilikke iykemlesiwshi, ja'miyetlik o'z-o'zin basqarıw institutı bolg'an ma'h'a'lleni asıraw h'a'm bekkemlew sıyaqlılar payda bolatug'ın turmıs uklatının' milliy o'zine ta'nligi, musılman turmıs ta'rizi, shıg'ıslıq tsivilizatsiyag'a tiyisli ta'repleri bar.

Milliy mentalitetinin' o'zine ta'n etnopsixologiyalıq standartlar tiykarınan, adamlardın' qa'diriyatları sistemasında qarar tapqan minez-qulqı normaları, qag'ıydaları h'a'm stereotipleri ju'z berip atırg'an jan'alıqlarg'a, keskin o'zgerislerge a'ste-aqırınlıq mu'na'sibetlerinde bah'law mu'mkin. Diniylikte de negizinde xalıq u'rip-a'detleri o'z-ara uyg'ınlasıp ketken.

Sonday-aq, da'slepki da'wirde minez-qulqı h'a'm qa'diriyatlardın' mo'lsherlerde qa'liplesken stereotipler - ja'miyetlik ten'likke, miynet etiw h'uqıqının' kepilligi, biypul ta'lim h'a'm medetsianılıq xızmetke bolg'an talpınıwlardın' barlıg'ın da esapqa almastan ila'j joq. Administrativlik buyrıqpazlıq sisteması da'wirinde ju'zege kelgen adamnın' mu'likten

jatlasıwı, iyelik seziminin’ joq bolıwı baqmandalıq psixologiyası a’h’miyetli mashqalalar keltirip shıg’aradı.

Texnologiyalıq, islep shıg’arıw resursları ta’replerinen basqa ma’mleketlerge baylanıslı respublika ekonomikası ushın xarakterli bolıp, bul o’z na’wbetinde O’zbekstannın’ olar menen o’z-ara ma’pin birge islesiw baylanıslarının’ ornatılıwı tiykar boldı.

Sonın’ menen birge O’zbekstan ku’shli ekonomikalıq potentsialg’a, jer astı baylıqlarına, mineral shiyki zat zapasları, bay energetik imkaniyatlarg’a, tazalıq da’rejesi en’ joqarı bolg’an altın, gu’mis, uran h’a’m basqa qımbat bah’a h’a’m ten’siz metallar, mıs, molibden, qorg’asın, tsink sıyaqlı ren’li metall ka’nlerine iye. Bul jerde ku’shli awıl-xojalıq imkaniyatları bar. O’zbekstan paxta shiyki zatların islep shıg’arıw boyınsha du’nyada to’rtinshi h’a’m eksport qılıw boyınsha ekinshi orında turadı, ol pille-jipek talshıg’ı, qara ko’l, teri, ju’n, miywe-palız o’nimlerin jetistiriw boyınsha jetekshilik qıladı. Sonday-aq, ku’shli ko’p tarmaqlı sanaatta da ju’zege keltirilgen. O’zbekstan turizm tarawın rawajlandırıwdın’ ken’ imkaniyatlarg’a da iye.

Respublikada transport h’a’m kommunikatsion baylanıstın’ barlıq formaları rawajlang’an. Ha’zirgi waqıtta O’zbekstan ashıq ten’iz portlarına shıg’ıw ikaniyatı bolmag’anlıg’ı sebepli, ko’pshilik ju’klerdi qurg’aqlıq arqalı jetkeriwge ma’jbu’r, bul bolsa transnatsional kommunikatsiyaların payda etiwde onın’ qatnasın ta’miynlewdi birinshi da’rejeli mashqalalardan birine aylandırmaqta.

Ma’mleket joqarı da’rejede miynet resursları menen ta’miynlengen, bul jerde Oraylıq Aziya miynet resursının’ 40% ı jaylasqan. Respublikanın’ ilimiy h’a’m intellektual imkaniyatları da ju’da’ joqarı.

**Ekonomikalıq h’a’m sotsiallıq rawajlanıw modeli.** Ma’mleket bay shiyki zat islep shıg’arıw h’a’m intellektual imkaniyatka iye. Bir ta’repten joqarıda aytıp o’tilgen, ma’mlekettin’ o’zine ta’n geosiyasiy jag’dayı, ta’biyiy-klimatlıq sharayatı, xojalıq uklatı, tariyxı, turmıs ta’rizi, xalıq

mentalitetinin’ qa’siyetleri, sonday-aq, jaqın o’tmishtegi qaramlıq jag’dayı qaldıqları, basqa ta’repten – bay shiyki zatlıq islep shıg’arıw h’a’m intellektual imkaniyatları O’zbekstan ekonomikalıq h’a’m sotsiallıq rawajlanıwının’ o’z modelin jaratıwg’a tiykar boldı. Bul modeldin’ negizin Prezident İ.A.Karimov ta’repinen qa’liplestirgen bes printsip quraydı.

1) ekonomikanı ideologiyalıq dogmalardan azat etiw, onın’ siyasattan u’stinligi;
2) ma’mleket – bas reformator;
3) nızamnın’ barlıq tarawlarda u’stinligi;
4) ku’shli sotsiallıq siyasattı a’melge asırıw;
5) bazar qatnasıqlarına basqıshpa-basqısh o’tiw[1].

Usı printsipler ja’miyetti jan’alaw h’a’m ma’mlekette bazar qatnasıqlarına o’tiwin ta’miynlewshi reformalardın’ tiykarına qoyılg’an. Biraq olardı a’melge asırıw protsessinde reformalardı alıp barıwdag’ı izbe-izliktin’ bolmawı, baslang’an reformalardı logikalıq aqırına jetkizbey; konservatizm, adamlar sanasına pikirlewdin’ eskishe stereotiplerdin’ ornalasıp qalg’anı, qa’liplesip atırg’an sistemadag’ı buyrıqpazlıq; basqarıw h’a’m xojalıq kadrlardın’ tayar emesligi, ta’jiriybe h’a’m bilimlerdin’ jetispewshiligi sıyaqlı unamsız sebepler de payda bola basladı[2].

Bulardın’ barlıg’ı ekonomika, ma’mleket h’a’m ja’miyet qurılısın demokratiyalastırıw protsessin ma’mleketti modernizatsiyalaw h’a’m puxaralıq ja’miyetti qa’liplestiriwdin’ h’a’r bir basqıshının’ o’zine ta’n qa’siyetlerin esapqa alg’an h’alda teren’lestiriwdi talap etedi.

**Xalıq aralıq mu’na’sibetlerdin’ ten’ h’uqıqlı subekti.** O’zbekstan ma’mleketlik g’a’rezsizligine erisiwi menen derlik bir a’sirden ko’birek dawam etken sırtqı du’nyadan u’ziliwine saplastırdı. O’z waqtında, patshalıq h’u’kimetinin’ basqınshılıq siyasatı na’tiyjesinde Qoqan xanlıg’ı ornında

---
[1] Қаранг: И.А.Каримов. Наш цель: свободная и процветающая Родина. Т., 1996. 39-б.
[2] Қаранг: Наши цели и устремления. Выступление Президента И.А.Каримова на заседании Совета управления ЕББР.//Правда Востока, 5 мая 2003 г.

Tu’rkistan general-gubernatorlıg’ı, dep atalg’an a’detiy koloniyalıq aymaq payda boldı. Buxara a’mirligi h’a’m Xiywa xanlıg’ı protektoratqa aylanıdırlg’an edi. Olar sırtqı du’nya menen g’a’rezsiz baylanıslar ornatıw h’uqıqınan ju’da’ etilgen. Patshılıq da’wirinde xalıq aralıq – siyasiy, ekonomikalıq, ma’deniy h’a’m basqa mu’na’sibetlerge oray jen’illikli h’uqıqlarg’a iye bolg’an. O’zbekstan olardı tiyisli awqam du’zilmeleri arqalı a’melge asırg’an. Sonın’ menen birge O’zbekstan patshalıq awqamı ishindegi miynet bo’listiriwinde paxta islep shıg’arıwg’a qa’niygelesken bolıp, paxtadan basqa milliy baylıqlar – altın, ren’li metall h’a’m basqalar eksport qılıw tek awqam organları ta’repinen alıp barılg’an.

O’zbekstan g’a’rezsizligi ja’riya etiliwi menen ol xalıq aralıq mu’na’sibetlerdin’ ten’ h’uqıqlı subektine aylandı. Ol du’nyanın’ 182 ma’mleketi ta’repinen ta’n alıng’an, 142 ma’mleket penen diplomatiyalıq baylanıslar ornatqan[1]. Ko’p g’ana xalıq aralıq, ma’mleketler aralıq h’a’m ma’mleketlik emes sho’lkemlerdin’ elshixanaları ashılg’an. O’zinin’ sırtqı ekonomikalıq strategiyası islep shıg’ılg’an, ma’mlekettin’ milliy h’a’m geostrategik ma’pleri, milliy qa’wipsizlik kontseptsiyası anıqlang’an.

**Sırtqı siyasat printsipleri.** O’zbekstan Respublikası sırtqı siyasatının’ tiykarg’ı printsipleri onın’ Konstitutsiyasında belgilep qoyılg’an. Olar ma’mleketlerdin’ suverenli ten’ligi, ku’sh isletpeslik yaki ku’sh penen qa’wip salmaslıq, shegaralardın’ baylanıssızlıg’ı, qarama-qarsı tınısh jol menen sheshiw, basqa ma’mleketlerdin’ ishki islerine aralaspaw qag’ıydaları h’a’m xalıq aralıq h’uqıqtın’ ulıwmalıq itibar etilgen basqa qag’ıydaları h’a’m normalarına tiykarlanadı[2]. Respublikanın’ sırtqı siyasatına ideologiyadan xalıslıq, ashıqlıq ta’n – ol Shıg’ıs h’a’m Batıstın’ barlıq ma’mleketleri menen

---

[1] Adhamjon Yunusov, Yakov Umanshy, D.Zainutdinova. Natinol Interest and Pragmatish in the Forein Policy of Uzbekistan//Burldig, A common Future: Indian and Uzbek Perspektives in security and Economic Issuls. Dehli, 1999. P.31.

[2] Қаранг: Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. 17-модда. Т., “Ўзбекистон”, 2003. 6-б.

olardın' ideologiyalıq h'a'm basqa mo'lsherlerine qaramastan, xalıq aralıq h'uqıq printsipleri h'a'm qag'ıydaları tiykarında birge islesiwge tayar.

Sırtqı siyasat ma'mlekettin' ishki turmısı ushın tınıshlıq sharayatların jaratıp beriw, jan'a ja'miyetti qa'liplestiriw maqsetinde teren' reformalardı a'melege asırıwda, sonday-aq milliy qa'wipsizlikti ta'miynlewge xızmet etedi. Ol xalıq aralıq mu'na'sibetlerdin' barlıq tiykarg'ı bag'darları h'a'm tu'rleri – siyasiy, ekonomikalıq, a'skeriy, ma'deniy, pa'n h'a'm texnika tarawı h'a'm basqalardı o'z ishine aladı. Sonnan kelip shıqqan h'alda ma'mleketler aldına du'nyadag'ı siyasiy, ma'deniy-intellektual, ekonomikalıq ma'kang'a integratsiyasın ta'miynlew wazıypasın qoyadı. O'zbekstan o'zinin' sırtqı siyasatı XXI a'sirde ju'zege kelgen du'nyadag'ı xalıq aralıq turaqlastırıwg'a qa'wipler, qarama-qarsılıqlı jag'daylar qa'siyetlerine keskin o'zgerislerdi esapqa alg'an h'alda qurmaqta. Endilikte xalıq aralıq terrorizm, aymaqlıq ekstremizm, separatizm h'a'm narkomaniyalıq qa'wipi, sonday-aq yadro h'a'm g'alaba qırg'ın qurallarının' tarqalıw ko'lemi jedel ken'eyip barmaqta. Bul bolsa mashqalalı jag'day sheshiwde jan'asha jandasıw h'a'm uslublardı talap etpekte. 2001-jıl 11-sentyabrdegi Nyu-Yorkta, 2005-jıl may ayında Londonda bolıp o'tken h'a'm mın'lap adamlardın' qurban bolıwına alıp kelgen terrorshılıq aktler, basqa ma'mleketlerde de terrorizmnin' h'a'wij alıwı bunın' tastıyıqlanıwı bolıp, bunday qa'wiplerge qarsı gu'reste xalıq aralıq ku'shlerdin' birlesiwine h'a'm qa'wipsizlikti ta'miynlewdin' jan'asha uslubların izlep tabılıwına alıp keledi.

Joqarıda aytıp o'tilgenindey printsiplerdin' izshil a'melge asırılıwı, obektiv xarakterdegi qıyınshılıqlardın' saplastırılıwı respublikamızdın' sotsiallıq turmısı bazar ekonomikası h'a'm demokratiyalıq sistemag'a tiykarlang'an aldag'ı ma'mleketler qatarına alıp shıg'ıwı kerek.

**Sırtqı siyasattın’ tiykarg’ı bag’darları.** O’zbekstannın’ siyasiy mu’na’sibetler, diplomatiyalıq iskerlik tarawındag’ı za’ru’r jo’nelislerinen biri - ma’mleketler aralıq, sonday-aq ma’mleketlik emes sho’lkemler ishindegi qatnası. Bul en’ a’weli, BMSh h’a’m Evropa qa’wipsizlik h’a’m birge islesiw sho’lkemi (EQBSh) du’zilmelerine tiyisli. O’zbektan 1992-jıldan baslap BMSh nın’ ag’zası. Respublika Evropada qa’wipsizlik h’a’m birge islesiw Ken’esinin’ juwmaqlawshı pitimi imzaladı. O’zbekstan Parlamenti EQBSh nın’ parlamentler aralıq awqamı h’a’m parlament assambleyasının’ ag’zası. O’zbekstan Qosılmaw h’a’reketinin’ ag’zası sıpatında h’esh qashan a’skeriy-siyasiy bloklarda qatnaspaydı.

Tiyisli pitim h’a’m kelisiwler tiykarında eki ta’repleme h’a’m barlıq ta’repler menen ma’mleketler aralıq mu’na’sibetlerin qarar taptırıwı sırtqı siyasiy iskerliktin’ za’ru’r jo’nelislerinen esaplanadı. G’MDA shen’berindegi iskerlikti talap etedi**.** G’MDA ma’mleketleri menen eki ta’repleme o’z-ara paydalı baylanıslar, a’sirese, na’tiyjelidir. Onda Rossiya menen ornatılg’an baylanıslar za’ru’r a’h’miyetke iye.

O’zbekstan sırtqı siyasatının’ za’ru’r bag’darlarınan biri Oraylıq Aziya suverenli ma’mleketleri menen baylanıslardı bekkemlewden ibarat. Olar menen ornatılg’an baylanıslar tariyxıy ta’g’dirinin’ birligi, shegaralardın’ ulıwmalıg’ı, ma’deniyat, til, u’rip-a’det h’a’m da’stu’rlerdin’ jaqınlıg’ına tiykarlanadı. Oraylıq Aziya ma’mleketleri menen birge islesiwdin’ tiykarg’ı bag’darları sotsiallıq-ekonomikalıq mashqalalardın’ ulıwmalıg’ı menen belgilenedi de olarg’a Hind, Atlantika h’a’m Tınısh okeanı portlarına shıg’atug’ın transport kommunikatsiyası h’a’m trubalardın’ birden-bir sistemasın ju’zege keltiriw; a’h’miyetli sotsiallıq h’a’m ekonomikalıq mashqalalardı sheshiwde is-h’a’reketlerin muwapıqlastırıw**;** den sawlıqtı saqlaw h’a’m ta’lim sistemasın rawajlandırıw; xalıq aralıq terrorizmge qarsı

gu'restegi h'a'reketlerdi birlestiriw sıyaqlılar kiredi. Aymaqta jasawshı barlıq xalıqlardın' ma'plerinen kelip shıqqan h'alda Oraylıq Aziyada jalg'ız birden-bir ekonomikalıq, ma'nawiy h'a'm siyasiy jag'daydın' du'ziliwi - da'wir talabı.

O'zbekstan g'a'rezsizlikke erisken da'slepki jıllardan baslap patshalıq da'wirinde u'zilip qalg'an shegaralas h'a'm Jaqın Shıg'ıs ma'mleketleri menen baylanısların qayta tiklewge o'z aldına itibar berip kelmekte. Bul boyınsha xalıq aralıq aksilterrorshılıq koalitsiya ja'rdeminde Avganstanda 20 jıl dawam etip kelgen urısqa shek qoyılıwı, ma'mleketti xalıq aralıq terrorshılar, ekstremistler h'a'm dogmatistler poligonına aylandırg'an, Oraylıq Aziya aymag'ı h'a'm pu'tkil du'nya turaqlılıg'ına qa'wip salıp turg'an ta'liybanlar h'u'kimetinin' joq etiliwi za'ru'r a'h'miyetke iye boldı. Bul jerde h'u'kimet basına kelgen jan'a siyasiy baslıqlar ma'mlekettegi etnik, aymaqlıq h'a'm diniy ku'shlerdi tınıshlıq, turaqlılıq, rawajlanıw h'a'm keyingi tsivilizatsiyalıq rawajlanıwdı ta'miynlew jolında birlestire alsa, Avganstannın' Oraylıq Aziya aymag'ındag'ı integratsion protsesstin' quramlıq bo'limlerinen birine aylanıw imkaniyatları ju'zege keledi.

O'zbekstannın' basqa Aziya ma'mleketleri, a'sirese, Qıtay h'a'm Hindistan menen baylanısları ken' sha'rtnamalıq tiykarda qurılmaqta. Sol mu'na'sibet penen respublikamızdın' 2003-jılda du'zilgen h'a'm Oraylıq Aziya ma'mleketleri, Rossiya h'a'm Qıtaydı birlestirgen Shanxay birge islesiw sho'lkemine ag'za bolıp kiriw za'ru'r a'h'miyetke iye boldı. Bul abıroylı sho'lkemnin' bas wazıypası xalıq aralıq terrorizm, keskin, jawız fundamentalizm h'a'm separatizmge, narkomaniyalıq h'a'm jınayatshılıqqa qarsı gu'res bolıp, usı maqsette onın' shen'berinde shtab kvartirası Toshkentte jaylasqan aymaqlıq aksilterrorshılıq oray payda boldı. Keleshekte Shanxay birge islesiw sho'lkemi iskerliginin' son'g'ı maqseti aymaqta

jasawshı xalıqlardın’ turmıs sharayatları jaqsılaw h’a’m mu’na’sip keleshekti ta’miynlewge bag’darlang’an ekonomikalıq vektordın’ salmag’ın asırıp barıwg’a qaratıladı.

O’zbekstan Qubla-Shıg’ıstın’ jan’a industrial ma’mleketleri menen de isker baylanısların ornatqan bolıp, ma’mleketimiz ekonomikasın modernizatsiyalawdı jedellestiriwge olardın’ ta’jirybesinen paydalanıw h’a’m investitsiyaların tartıwdan ma’pdar.

O’zbekstannın’ rawajlang’an ma’mleketleri menen ten’ h’uqıqlı baylanıslardın’ ornatılıwı o’z aldına a’h’miyetke iye. Onın’ AQSh, Germaniya, Yaponiya, Frantsiya, İtaliya h’a’m baska jetekshi ma’mleketler menen o’z-ara baylanısları ken’eyip barmaqta. Bul zamango’y texnologiyalarg’a jan’a investitsiyalardı tartıwg’a, ma’mleketimizdin’ xalıq aralıq ko’lemde jan’a qa’niygelerge bolg’an za’ru’rliklerge juwap beriwshi joqarı qa’niygeli kadrlar tayarlaw ushın jol ashadı. Xalıq aralıq sho’lkemler shen’berinde na’tiyjeli siyasiy iskerligi, shet el ma’mleketler menen ten’ h’uqıqlı eki ta’repleme h’a’m barlıq ta’repler menen baylanıslardın’ ornatılıwı respublikamızdın’ xalıq aralıq ma’deniy integratsiyalanıwına ja’rdem beredi.

Ma’deniy baylanıslar tarawında ma’mleketimizdin’ ja’h’a’nge du’nyalıq tsivilizatsiyanın’ a’yyemgi oshaqlarınan biri, ulıwma insaniy a’h’miyetke iye bolg’an bay ma’deniy qa’diriyatlardın’ iyesi sıpatında qaytadan ashılıwı za’ru’r. Samarqand, Buxara, Xiywa, Shaxrisabzdegi tariyxıy-arxitektura estelikleri tek bizin’ milliy baylıg’ımız emes, al, insan ruwxının’ ullı do’retiwshiligi, onın’ do’retiwshilik imkaniyatlarının’ gu’wası sıpatında pu’tkil adamzatqa tiyisli. Sol orında bunday miyraslardın’ ma’mleketimiz ekonomikasının’ tarmaqlarınan bolg’an xalıq aralıq turzim h’a’m turistlıq industriya ta’repinen jeterlishe o’zlestirilmegenin aytıp o’tiw

kerek. YuNESKO basshılıg'ında xalıq aralıq ko'lemde Amir Temur tuwılg'an ku'ninin' 660 jıllıg'ı, Buxara h'a'm Xiywanın' 2500 jıllıqlarının' belgilengenligi de du'nya ma'deniyatı rawajlanıwında o'zbek xılqının' ornı h'a'm a'h'miyetinin' ta'n alıng'anlıg'ı da'lilleydi.

Respublikamızdın' ja'h'a'n ekonomikalıq turmısına integratsiyası mashqalaları ju'da' za'ru'r. G'a'rezsizlik jıllarında bazar sharayatları ko'leminde a'melge asırılg'an sırtqı ekonomikalıq iskerliktin' h'uqıqıy h'a'm normativ h'u'jjetleri qabıl qılındı. Respublika o'zinin' sırtqı ekonomikalıq siyasatın, en' aldı menen ko'pshilik abıroylı xalıq aralıq ekonomikalıq h'a'm finanslıq sho'lkemlerdin' ag'zası sıpatında a'melge asıradı. Bul bolsa bir qatar iri trnasnatsional h'a'm aymaqlıq qurılmaların birgelikte a'melge asırıw imkaniyatın beredi. A'sirese, O'zbekstan ushın Hind h'a'm Tınısh okeanlarındag'ı, Qara ten'iz h'a'm Orta jer ten'izindegi, Persiya qoltıg'ında u'lken portlarg'a shıg'ıwdı ta'miynleytug'ın ma'mleketler avtomobil h'a'm temir jol magistralları qurılıwında qatnasıw ju'da' a'h'miyetli.

Shıg'ıs h'a'm Batıs, Arqa h'a'm Qubladan o'tiwshi jollar kesilispesinde jaylasqan O'zbekstan, o'zinin' geosiyasiy abıroyınan kelip shıg'ıp, tek g'ana baylanıstırıwshı ko'pir sıpatında g'ana emes, ba'lkim o'zinin' qarama-qarsı o'nimlerin h'a'm islep shıg'arıwdı eksport sektorın rawajlandırıw arqalı zamanago'y ta'rizde Ullı Jipek jolı marshrutın tiklewdi maqset qılıp qoyg'an. Bul respublikamızdın' xalıq aralıq sawda sistemasında o'z ornın tabıwg'a imkaniyat beredi.

Ma'mleketimiz ekonomikasına barg'an sayın ko'birek ashıqlıq ta'n bolıp barmaqta. Shet el qarjılarının' kiritiliwi, qolaylı sharayatlar, kreditorlar ushın jen'illiklerdin' ken' sisteması ju'zege kelmekte. Shet el sheriklerdin' qatnasıwında ko'p g'ana qospa ka'rxanalar iske tu'sirildi.

## Juwmaqlaw.

Ha’r qanday ma’mlekettin’ sırtqı h’a’m ishki siyasatının’ na’tiyjesi h’a’r ta’repleme jaqın h’a’m uzaq maqsetlerdi belgilew, ma’mleket keleshegin anıq boljay alıw menen baylanıslı. O’zbekstanda usıng’an h’a’zirgi basqıshta, onın’ jaqın keleshegin anıqlaw bazar qatnasıqlarına basqıshpa-basqısh o’tiw menen baylanıslı. Ha’r bir basqıshta ma’mleket rawajlanıwının’ o’z maqsetleri, wazıypaları h’a’m olardı a’melge asırıw mexanizmleri belgilenedi.

Ma’mleketimizde “Keleshegi ullı ma’mleket”ti qurıw menen baylanıslı uzaq keleshekke mo’lsherlengen wazıypalar da belgilengen. Sol mu’na’sibet penen *“ullı ma’mleket”* tu’sinigine anıqlıq kiritiw lazım. Ha’r tu’rli ma’mleketlerde ullı ma’mleket tu’rlishe analiz etilgen. İndustriyalasqang’a shekem bolg’an da’wirde en’ ullı ma’mleket degende, ju’da’ u’lken aymaqlardı baqlag’an h’a’m ko’pshilik xalıqtı ja’mlegen ma’mleketler tu’siniledi. Bug’an Rim imperiyası, Arab xalifalıg’ı, Temur imperiyası, Usmaniyler imperiyası, Britan imperiyası h’a’m basqalar kiritilgen.

Ekinshi jer ju’zlik urısınan son’ aymaqlıq h’a’m demografiyalıq faktorlar ornın a’skeriy, a’sirese, yadrolıq qu’diretli ku’sh iyeley basladı. *“Qu’diretli ma’mleket”* tu’sinigi payda boldı, onın’ ko’pshiligi yadrolıq quraldın’ sanı h’a’m sıpatı menen belgilenedi. Yadrolıq quraldı qollaw qa’wipi arqalı qu’diretli ma’mleket – eski awqam h’a’m AQSh bir qatar ma’mleket h’a’m aymaqlardı ideologiyalıq, siyasiy, ekonomikalıq ta’repten o’zlerine boysındırıwg’a h’a’reket etti. Du’nya bir-birine qarama-qarsı eki bolkqa ajıralıp qaldı. Adamzattın’ o’zin-o’zi joq etiw qa’wipi h’aqıyqatqa aylandı. Biraq adamzat o’zin-o’zi saqlap qalıwdın’ ishki imkaniyatların iske sala basladı. Na’tiyjede, eki polyuslı sistema joq etildi.

Ha’zirgi da’wirge kelip, ol yaki bul ma’mlekettin’ ullılıg’ın belgilewde ekonomikalıq ko’rsetkishler tiykar bolmaqta. Alımlar ta’repinen *“ekonomikalıq jetiskenlik faktorı”*n belgilewshi miyzan sıpatında, a’sirese,

energiyanı paydalanıwdın' salıstırmalı u'lesi tu'sinigin islep shıg'ılg'an h'a'm qabıl etilgen. Eger ma'mlekette energiyanı jan basına paydalanıw belgili bir ta'biyiy sharayatlar (klimat, aymaq, relef h'a'm basqalar)g'a tuwrı keledi, onın' armiya yamasa basqarıw apparatın ta'miynlew, napaqalıq yaki medetsinalıq xızmetin ko'rsetiw menen baylanıslı mashqalalar ju'zege kelmeydi, yag'nıy ma'mleket mexanizmi aqılıy iskerlik ko'rsetip turadı. Ulıwmalastırıp aytqanda, adamzat tsivilizatsiyası, pa'n, texnika, texnologiyalar rawajlanıp barg'an sayın h'a'r qanday ma'mlekettin' ullılıg'ı xalıqtın' turmıs pa'rawanlıg'ı h'a'm ma'deniyatı da'rejesi, insan aymaqlarının' ta'miynleniwi h'a'm shaxs erkinligi menen konkretlesip baradı.

Eger sonday talıqlanıwdan kelip shıqsa, O'zbekstanda ullı ma'mlekettin' qurılıwı h'a'r ta'repleme a'melge asıwı mu'mkin bolg'an wazıypadur. Ma'mlekettin' qolaylı geosiyasiy jag'dayı, ta'biyiy klimatı, jer u'sti h'a'm jer astı baylıqları, ekonomikalıq, ma'deniy, intellektual imkaniyatları, miynet resursları, en' tiykarg'ısı bolsa – miynetkesh h'a'm tınıshlıq su'ygish xalqı onın' a'h'miyetli faktorı. O'zbekstan Respublikası Prezidenti İ.A.Karimov aytıp o'tkenindey: "Ma'mleketimiz XXI a'sirde du'nya ekonomikası, ma'deniyatı h'a'm siyasatında mu'na'sip orın alıw ushın tariyxıy imkaniyatlarg'a iye".

## Paydalanılg'an a'debiyatlar dizimi.

1. İ.A.Karimov. Wzbekiston iqtisodiy isloh'atlarni chuqurlashtirish ywlida // Wzbekiston: buyuk kelajak sari. T.1998.

2. İ.A.Karimov. Nash tsel: svobodnaya i protsvetayushaya Rodina. T., 1996.

3. İ.A.Karimov. Ma'mleketimizde demokratiyalıq reformalardı ja'ne de teren'lestiriw h'a'm puxaralıq ja'miyetti rawajlandırıw kontseptsiyası. T., 2010.

4. İ.A.Karimov. O'zbekstannın' o'zinin' jan'alanıw h'a'm rawajlanıw jolı. N., 1993.

5. Nashi tseli i ustremleniya. Vıstuplenie Prezidenta İ.A.Karimova na zasedanii Soveta upravleniya EBBR.// Pravda Vostoka, 5 maya 2003 g.

6. Adhamjon Yunusov, Yakov Umanshy, D.Zainutdinova. Natinol Interest and Pragmatish in the Forein Policy of Uzbekistan//Burldig, A common Future: Indian and Uzbek Perspektives in security and Economic Issuls. Dehli, 1999. P.31.

7. Wzbekiston Respublikasining Konstitutsiyasi. 17-modda. T., "Wzbekiston", 2003.

8. Sotsialnaya filosofiya. M.1955.

9. Falsafa asoslari. X.Nazarov tah'riri ostida. T., 2005.

10. Falsafa. M.Ah'medova tah'riri ostida. T., 2006.

11. İ.Raximov. Falsafa. T., 1999.

12. G.T.Bokl. İstoriya tsivilizatsii v Anglii. Spb.,1895.

13. Ch.Darvin. asar. M-L: 1931 tom.

14. U.M. Abidov, S.L.Nigay, R.R.Burnashev. Osnovı filosofii.

15. V.İ.Vernadskiy. Jivoe sushestvo. M; 1976.

16. İstoricheski protsess: dialektika sovremennoe epoxi. Moskva. 1987.

17. P.Teyer de Sharden. Fenomen cheloveka. M., 1965.

18. V.İ.Vernadskiy. Jivoe sushestvo. M., 1978.

19. Ximicheskoe stroenie zemli i ëë okrujenie. M., 1965.
20. E.V.Tadevosyan. Sotsiologiya. M., 1999.
21. B.G.Mogilnitskiy. Vvedenie v metodologiyu istorii. M., 1999.
22. Aristotel. Sochineniya. T.4.
23. Beruni. Sobranie svedenie dlya poznaniya dragatsennostey. Minerologiya. M., 1963.
24. M.M.Xayrullaev. Filosofskie i sotsiologicheskiy vzglyadı Farabi //materialı po istorii obshestvenno-filosofskoy mısli v Uzbekistane. T., 1977.
25. S.E.Krapivenskiy. Sotsialnaya filosofiya. M., 1992.
26. N.F.Buchilo, A.N.Chumakov. Filosofiya. M., 1998.
27. R.Z.Jumaev. Politicheskaya sistema Respubliki Uzbekistan: stanovlenie i razvitie. T., 1996.
28. Spravedlivost i demokratiya v kachestve dialoga kultur // Voprosı filosofii. 1996, №3.
29. P.A.Sorokin. Chelovek. Tsivilizatsiya. Obshestvo. M., 1992.
30. S.L.Frank. Po tu storonu “pravogo” i “levogo” // Novıy mir, 1990. №4,